100
1921·2021
ДАССР



# МагIарулай

5/2021

ISSN 0132-9723




Обложка первого женского журнала в Дагестане "Красная Горянка", № 1, 1922 г.

## РЕДАКТОРАСУЛ КАЛАМ



# Руччабазул ракIаз гIуцIцIула дунял

Журналалъул иргадулаб номер нижеца Дагъистаналда автономия гIуцIаралдаса 100 сон тIубаялъул хIурматалда бахъулеб буго. Гъединлъидал машгьурал дагъистаналъул руччабазул хIакъалъулъ материаллаздасан гIуцIунги буго.

ХIалтIул цIерехъаби, мугIалимзаби, врачал, гIалимзаби, артистал, летчицаби – чIагоял, унго-унгоял, кьур-кьурарал гъалазул ва кIур-кIургIараб каралъул, руцIцIун чIарал ва аваданал, батIи-батIиял гьел рукIана унго-унгоял бахIарзал ва тIоцересел! Гьезде щвезегIан лъицаниги гьабичIеб тIоцебе гьабуна гьез, - гьезул гIуна гьелъие бахIарчилъиги божилъиги. Гьел божулел рукIана гвангъараб, берцинаб, лъикIаб букIинесеб нилъер букIиналда.

Нилъер республикаялда гIемерал руго кIудияб реццалъеги, цIаразеги, шапакъатазеги, журналалда жидер хIакъалъулъ хъвазеги мустахIикъал руччаби. Амма цо номералда гьезул киназулго хIакъалъулъ хъвазе рес гьечIо. Нижеца хIаракат бахъана щибаб миллаталъул цо-цо чIужугIаданалъулниги хIакъалъулъ хъвазе. ГIайиб гьабуге нужер рекIелъ бакI ккурай мустахIикъай чIужугIадан гьаб журналалда ятичIони.

ГIадатлъун бугеб нижер «Журналалда жаниб журналги» гьаб нухалъ адабияталъе ва маданияталъе кьолеб буго. Гьенир нужеда ратила Дагъистан чIухIарал руччаби – шагIирзаби, хъвадарухъаби, драматургал, художникал.

Нижер пикруялда, гьаб журнал букIине буго Дагъистаналъул чIужугIаданалъе, гьелъул бахIарчилъиялъе, ритIухълъиялъе, берцинлъиялъе ва гIакъиллъиялъе гимн!

«Рокъоб къварилъи ккани, чIужугIаданалъухъе рекерула. Рагъарал рекъезаризе кIолел гьечIони, тушманлъи бергьунеб бугони, хIисаб-суал данде ккoлеб гьечIони, чIужугIаданалъухъе рекерула. Квешлъи къинабизе кIолеб гьечIони, чIужугIадан ахIула. ГIакълуялдаса бергьараб жо тIаде бачIани, чIужугIаданалъул хIеренлъи, лъикIлъи ракIалде щола. ГIакълуялдаса ццин бергьани, гьелъул ракIалъ хвасар гьарула. Гьаб чIужугIаданалъе гьабулеб рецц гуро. ТIоцIебесеб къоялдаса нахъе хвезегIан инсаниятаълул гIумруялъул аслу ккола чIужугIадан. Гьеб рецц гуро...», – ян хъван буго НикIалай Рерихил кагътида.

**Наида КЕРИМОВА**

### НОМЕРАЛДА ЦIАЛЕ:


#### ТIОЦЕБЕСЕБ МИЛЪИРШО ........2




Хъизангун цадахъ гIагарлъиялъухъе гьоболлъухъ Москваялде анщинахъе, Алла щолаан КIудияб театралде «Щелкунчикалъухъ» ялагьизе. Дагь-дагьккун гьениб загьирлъана ясалъул искусствоялде бугеб рокьи, бижана жиндирго къисмат гьелде бухьинабизе анищ. Гьелъ хIукму гьабуна гьаб сценаялда дунги кьурдизе кколилан. Гьелъие гьунар ясалъулъ гIураб букIана.

.


#### ГЮЛЬБАГЬОРИЛ ДУНЯЛ ..........6




Гьелдаса хадуб Гюльбагьорица чIегIер кидаго бахъичIо, амма жан-жигар гьелъулъ гIемераб букIана, хIалтIи-пиша гьечIогоги тIуячIо! Колхозалъул, рагъул соназда чIунтизе бахъараб, цIолбол ахил рагIалдаги эхетун, гьелда бихьулеб бук1ана гьезие гIоло ва гьений хIалтIизелъунги гIумру гьабизе ккей.


#### ДЖЕННЕТ ТIАЛХIАТИЛ ДАГЪИСТАНАЛЪУЛ СЮИТА......12




Дженнет росасе ана граждан рагъул захIматаб заманалда, ай 1920 соналъ ва 1921 соналъ гьавуна вас Джемалудин. Ригьнал битI гьелъие ккечIо ва тIаделъана жиндирго бакъназул лъай борхизабиялде. Дагъистаналъул лъайкьеялъул наркомлъун вукIарав ГIалибег Тахо-Годида гьарана цIализе цIидасан Германиялде йитIеян ва 1925 соналъ, щуго сон барав васгун, Лейпцигалде ана


#### ТАТУ БУЛАЧ..............................20




КватIичIого Тату гимназиялдаса нахъе ана. Гьеб ккана Уллубий Буйнахъскиясулгуун лъай-хъвай ккаралдаса. Нахъе цIунун буго революционерас Татухъе хъвараб 17 кагъат. Гьезда гъорлъ рессун руго коммунизмалъул идеяби. Уллубийица малъулеб буго «Дуцаги гьабизе ккола гьаб нижеца гьабулеб бугеб хIалтIи. АгитациялдасангIаги байбихье. Мун йикIине ккола нижер агитатор-горянка. ...БахIарчилъи ва цоги нухалъ бахIарчилъи…»



# ТIОЦЕБЕСЕБ МИЛЪИРШО

Балерина Алла Джалилова (1908–1992) – ккола дунялалдаго жиб машгъураб ва лъикIаздасан цояблъун рикIкIунеб, КIудияб театралъул труппаялда гьоркьое ккарай, дагъистаналъул халкъазда гьоркьоса цохIогояй вакил. Гьелъул къисмат тIубанго бухьараб букIана искусствоялда ва гьей кIудиял бергьанлъабигун балеталъулаб борхалъиялдеги яхана.

Алла йикIана Ахтыялдаса ГIабдулгай Джалиловасулги ва польшаялъул дворяназулаб наслуялъул, Лев Толстоясулгун рикIкIадасеб гIагарлъи бугеб, Софья Самчевскаялъулги интеллигентазулаб хъизаналда, кватIун гьабураб лъимер.

ГIабдулгайил гьалмагъзабаз бицухъе, Софьялги Гайилги лъай–хъвай, ккун буго Ставрополалъул гимназиялда цIалулаго, гьенир рукIана пагьму–гьунар бугел лъимал. Хадубги гьезул гьудуллъи щулалъана Москваялда. Гьенив Гай цIалулев вукIана Москваялъул университеталъул юридическияб факультеталда. Софьяги гьение цаби–гIусузул тохтурлъиялъе цIализе лъугьана.

Университет лъугIун хадуб, гIолохъанал специалисталъ хIалтIизе ана, жиндие гIоло чанцIулго Россияги Турцияги рагъараб, гIемер миллатазулаб Карс шагьаралде. Гьениб Джалиловаз гIумру гьабулеб букIана Софьял кIудадал букIараб минаялда жаниб. Гьезие кумекалъе ратулаан Тифлисалда рукIарал, Софьял гIагарал чагIи ва гьенийго гьаюна Аллочкаги.

Инсул геназдасан ясалъе щвана, гIемерисел магIарулазе хасиятаб чIурканлъиги, гьайбатлъиги, пargалъиги ва макъназде рокьиги. Гайица макънал рачунаан гIемерал батIи–батIиял инструментазда ва инсул макъназда гъоркь Аллочкае гьитIинаб къоялдасаго рокьулаан батIи–батIиял кьурдаби гьаризе, гьай–гьай бищунго лезгинкаги.

Хъизангун цадахъ гIагарлъиялъухъе гьоболлъухъ Москваялде анщинахъе, Алла щолаан КIудияб театралде «Щелкунчикалъухъ» ялагьизе. Дагь-дагьккун гьениб загьирлъана ясалъул искусствоялде бугеб рокьи, бижана жиндирго къисмат гьелде бухьинабизе анищ. Гьелъ хIукму гьабуна гьаб сценаялда дунги кьурдизе кколилан. Гьелъие гьунар ясалъулъ гIураб букIана.

Хадусел тарихиял лъугьа-бахъиназ Джалиловазул гIумруялда ракIалдаго рукIинчIел хиса-басиял ккезаруна. Бихxана Россиялъул империя. 1920 соналъ, Карск шагьар тIубанго Турциялъухъе иналде, гьел Москваялде тIадруссуна. Хадув ГIабдулгъай ине ккана Дагъистаналде, унтарай эбелалъулги вацасулги тIалаб гьабизе. Софья Николаевнайин абуни, ясалъул букIиниселъе гIоло, Москваялдаго чIана. Гьединаб ахIвал-хIалалда бан Аллал эбел-эмен ратIалъана. Амма инсуца яс рехон течIо, гьев гьелъухъе вачIунаан, ахтыялъул гIечги, урбечги, ракъвазарурал пихъалги ва къваригIараб цогидабги босун.

1920 соналъ 12 сон барай Алла лъугьана КIудияб театралъул балеталъул школалде ва цIалана хореографиялъул училищеялда. Специальность тIаса бищулаго Аллаца классика босичIо, гьелъие бокьана халкъияб кьурди. ГIадлуяй ва кIвахI лъаларей Аллаца, жиндаго тIадги хIалтIун, къоялдаса-къоялде тIатинаруна жиндирго гьунарал ва камиллъизабуна махщел. Гьелъул насихIатчагIилъун рукIана А. Горский, О. Некрасова, В. Тихомиров. Гьез гьелъул гьунар кIваркьун бегIерула. Алла къокъидго яхъуна театралъул солисткалъун ва гIемерисел аслиял ролалги гьелъухъе кьола.

1927 соналъ Алла КIудияб театралъул сценаялда Антон Рубиншейнал «Демон» абураб операялда кьурдана, х1ана Тамарал партиялъул роль. Жеги «къваридаб Демонил» хIакъикъаталдаги гьайбатай гуржиялъухъ рокьи ккола, гьелъ жиндирго рукъалъул тIохда гьабулеб кьурди бихьидал:

*Цин хIанчIидаса тIадагь пархола,*
*Цинги лъалхъун хал гьабула –*
*Ва рагьлилаб гьелъул балагьи*
*ЖахIдаял кьунсрукь кенчIола*
*Цин чIегIераб кьенсер гьанкIула,*
*Цинги дагьаб гьетIарула*
*Ва гьелъул гьайбатаб хIетIе*
*Халичалда тIад хъещтIола...*

Гьеб букIана Аллал бищунго бокьулеб партиялъун. «Демоналда» лезгинка гуребги, гьелъ Делибал «Лакме» операялда индиязул кьурдиги, Бизел «Кармен» операялда, Астафьевасул «Бахчисараналъул фонтаналда», Минкусил «Дон Кихоталда», Чайковскиясул «Лебединое озероялда» партиялги х1алаан. Аллаца «Баядеркаялда» хIана Айил роль, «Золушкаялда» кьурдана борохьгун, Бородинил «Князь Игоралда» половецазул кьурди гьабуна ва гь ц.

Цо-цо Алла Лидия ункъачохъе гьоболлъухъе Ленинградалде унаан ва ракIалдаго гьечIого Эрмитажалда гьелъул лъай-хъвай ккана Липецкиялдаса летчик Сергей Костельскиясулгун. Гьеб букIана берч1варабго ккараб рокьи. Чанго къоялдаса Сергейица Аллада гьарана жиндие ячIаян, ва эбелги разилъун, гьей гьесие ана. Гьабуна гIадатияб бертинги.

Сергейил хIалтIиялда хурхарал халатал ратIалъиял, къанагIатал дандчIваялъулал рохелал, премьерал, гастролал – гьединал лахIзатазда ана чанго анищазул цIурал сонал. Балагьаб лъугьа-бахъиналъ махIрум гьаюна гьей эбеллъун яхъине букIараб анищалдаса, троллейбусалъул нуцIбузда гьоркьойги къан, хвана ургьиб букIараб лъимер.

Хадуб тарихалда ккараб хиса-басиялъ, дунялалда гIемерисел цогидазулго гIадин, хисун сверизабуна Аллалги къисмат. Сергей ана фронталде ва гьенив хвана. КIудияб театралъул артистал рахъинаруна Куйбышевалде. Фронталъул бригадагун Аллаца гIахьаллъи гьабуна советиял рагъухъабазе кьолел гIемерал концертазда. Рихьизаруна концертал госпиталазда ва гьедин хIаракат бахъулеб букIана солдатазе моралияб кумек гьабизе.

Бергьенлъиялъул къоялъ гьей йикIана Москваялда. Театралда гьей дандч1вана, гьелъул гьунаралъе цевего



мукIурав, СССРалъул гIелмияб Академиялъул Президиумалъул гIелмияв секретарь, профессор Сергей Иванович Косторингун. Къисматалъ гьел кIиялго данде гьаруна.

Рагъда хадусел сонazги Алла Джалилова театралда кьурдана, гьебгун цадахъ щвечIеб бакI улкаялдаго хутIичIо. Гьелъ байбихьана, росгун цадахъги жийгоги, Дагъистаналде гIемер щвезе, балагьана ва лъазабуна жиндир гIагарлъи, ратана инсул кIиабилеб ригьнада гьарурал яцал Бакиги Г1айшаги. Г1емерай щолаан Ахтыялде, Рутул ва Догъузпары районазде, Ихрек росулъе. Гьениб гьелъ хIухьбахъи гьабулаан ва цIияб жигар-жангун юссунаан жиндирго творчествоялде.

Гьелъул рос Сергей Ивановичасги, дагъистаниязул «дурц» хIисабалда, к1удияб гIахьаллъи гьабуна Дагъистаналъул гIелмияб централъул хIалтIулъ ва гьесул хIаракаталдалъун гьеб лъугьана СССРалъул гIелмияб Академиялъул филиаллъун.

Гьединго Аллацаги, жидерго къваридаб квартираялда, къабул гьарулаан Кавказалдаса гьалбал. Гьей йикIана ракI рагьарай ва аваданай гIадан. Джалиловазул кIудияб тухумалдаса Москваялда ва Ленинградалда цIалулел гIолохъаби гIемерисел рещтIунел рукIана гьезухъ гьоболлъухъ. Гьабулаан гьез гьей загIипайго чIужугIаданалъе къваригIараб кумек. Гьезда гьоркьов вукIана Аллал яцалъул вас, хадув жив ДГТУялъул ректорлъун вахъарав ТIагьир ИсмагIиловги.

*Алла Джалилова концертгун Дагъистаналде ячIун йикIана 1951 соналъ, республикаялъ 30 сон тIубаялъул байрамалде ва гьаниб гьелъие кьун букIана «ДАССРалъул мустахIикъай артист» абураб хIурматияб цIарги. Гьебго соналъ гьелъие щвана «ХIурматалъул гIаламат» орденги.*

КIудияб сцена таралдаса Алла Джалилова тIуянго мугIалимлъиялде юссана, гьеб ишалъе кьуна 33 сон. ГIемерал соназ хIалтIана гьей КIудияб театралъул балеталъулаб школалда, гьениб малъана кьурди, гьединго 1974 соналде щвезегIан дарсал кьуна Б. Щукинил цIаралда бугеб театралияб училищеялдаги. ТIадегIанаб даражаялда хIадур гьабуна Алма-Атаялъул опералъулгун балеталъул театралъе кьурдухъабазул къокъа ва дагъистаналъул гIолилазул чанго къокъаги. Гьелъ кьурдизе малъана машгьурал артистал Константин Райкинида, Александр Калягинида ва цогидазда.

Аллал тIолабго гIумруялъго биххичIеб гьудуллъи букIана дагъистаналдаса машгьурай мац1 бицунареб киноялъул актриса Сафият Аскаровалъулгун. Гьей кколаан Ахтыялдаса машгьурав скульптор Х. Аскар-Сарыджа жанив гIураб Аскаровазул хъизаналдаса яс.

Алла Джалиловалъул анищ букIана дагъистаналъул искусствоялъул машгьурал хIаракатчагIигун цадахъ хIалтIизе, МахIачхъалаялда балеталъулаб школа рагьизе… Киналго анищал гуро гIумруялде рахъарал. Дагъистаналда опералъул ва балеталъул театрги рагьана балерина хун хадуб.

ГIумруялъул ахирал соназ, рос Сергей Иванович хун хадув, Аллае кумекалъе ратана гьалмагъ Сафият, эбелалъул рахъалъ гIемераб гIагарлъи ва гьей унтун загIиплъидал рехун течIо дагъистаналдаса инсул гIагарлъиялъги. Гьел гьелъухъе гIемер щолаан, гьелъие къваригIарабщинаб чIезабулаан, ахиралда ирга гьабунги гьелда аскIор рукIунаан.

Алла Г1абдулгъаевна хвана 1992 соналъ ва юкъун йиго Домодедовалда бугеб бусурбабазул хабзалалъ. Гьелъул цIар меседил хIарпаздалъун хъван буго гIурусазул балеталъул ва КIудияб театралъул тарихалда жаниб. Дагъистаниял чIухIулаан ва гьанжеги чIухIула, искусствоялда жаний кIудияб борхалъиялде яхарай ракьцоялдаса. Алла Джалиловалъул цIар кьун буго МахIачхъалаялъул, №8 лъималазул искусствоялъул школалъе ва Ахтыялъул музыкалияб школалъе.

***Юбилеялъул къоязде рахъула гьелъул хIакъалъулъ макъалаби, гIагарлъиялъул ракIалде щвеял. Машгьурай ракьцоялъул нусго сонилаб юбилеялде къватIибе биччана гьелъулги хъизаналъулги хIакъалъулъ Саида МуртузагIалиевалъ хъвараб художествениябгун публицистикаялъул тIехь ва гьениб бихьизабун буго Алла Джалиловалъул КIудияб театралъул сценаялда араб аваданаб, гвангъараб гIумру.***

**Гульнара АСАДУЛАЕВА**



Сафият Аскарова – первая актриса-дагестанка, звезда немого кино



# ГЮЛЬБАГЬОРИЛ ДУНЯЛ

**Гюльбагьор Шауловна Давидова (1892–1983) советияй цIолбохъан, Когановичил цIаралда букIараб колхозалъул звеновод, Социалистияб захIматалъул БахIарчIужу. Рагъул соназул заманалда бихьизабураб захIматалъухъ гьелъие щвана «Кавказ цIунаралъухъ» абураб медальги.**

Гюльбагьор Давидовалъул хIакъалъулъ материал хъвазе хIадурлъулаго, гьелъул гIумруялъул хIакъалъулъ хъварабщинаб цIалун хадуб, ракIалде ккана кисадай гьелъие гьебгощинаб къуват щвараб абун, сунца кумек гьабураб захIмалъаби къезаризеян?

Кинайха гьей йикIарай Гюльбагьор Давидова? Щиб гьелъие ретIине бокьулеб букIараб? Кин гьелъ гьалбал дандчIвалел рукIарал? Кин гIодулей ва елъулей йикIарай? РакIалдаго букIинчIо гьелъул гIагарлъиялъул чи ватилин, амма ратана, битIккана ва гьез бицана Гюльбагьорил букIараб жан-жигаралъулги, ишазулги хIакъалъулъ.

РикIкIадаб 1973 соналъ Дербенталдаса рос-лъади Лазар ва Рая Новаховал, буголъиги бичун, тарихияб ВатIан ИзрагIилалде гочине,чемоданалги хIадурун рукIана. Гьеб мехалда тIаде щвана Лазарил ункъачо Гюльбагьор Шауловна ва гьелъ гьезда гьарана: «Лазар ва Рая, дида лъала гьанир рукIаян нужеда гьариялъул пайда гьечIолъи, амма цIакъ гьарула дун гьаний рехун тогеян. Дир гьаниса нахъе ине рес гьечIо – гьанир рукъун руго киналго дир гIагарал гIадамал, диеги гIемераб мех хутIун батиларо гIумру гьабизе. Нуж руго дир гIагарал чагIи, дунги юкъун а нужее бокьаралъуре…», - ян.

Гьедин, жидер машгьурай ункъачогун хутIана некIсияб шагьаралда гIумру гьабун Новаховалги. АнцIго соналдасан, 1983 соналъ ана гьей ахиратალде, хадувго хвана Раял рос Лазарги… Гьединлъидал жакъа цохIо Рая йиго гьел лъикIал гIадамал ракIалде щвезариялъе ва гьезул бицине хутIарай гIадан.

Гюльбагьор гьаюна жугьутIазул кIудияб хъизаналда – щуго васги щуго ясги рукIана гьезул. Ракь гьезул гIагараб Хошмензилалда баракатаб букIана. Киналго хIалтIулаан ахакьгун хурзабахъ, гьитIингоялдаса ругьунлъана захIматалде, кидаго ва сундулъго ратулаан цоцазе кумекалъе. Цо-цоккун колхозалда хIалтIизе дандеги кколароан.

Гюльбагьор йикIана гьитIинай, гьединлъидал эбел-инсуца гьелде кIвар цIикIкIунги кьолеб букIун батила, цогидазде данде ккун. Амма гьей гьелъги хвезайичIо. Ишалде тIаделъизе кколеб мехалда гьелъ жиндирго гьитIинаб чIартил гьабураб ясикIоялда абулаан: «ГьабсагIаталъ гьалал хьухьине рес гьечIо, бачал гьекъезаризе ва гIанкIуял кваназаризе ккола»,–ян. Киназдаго бихьулеб букIана гьитIинай яс ритIухъай ва жавабчияйлъун гIолей йикIин ва гIумруялда гьелъиебигьаго букIинареблъи. КIодоэбел Сараца гьарулаан: «Я БетIергьан ЯхIва, кумек гьабе гьай ясалъе, гьикъуге гьелда гIамалалда рекъон кIалал», –абун. Амма БетIергьанас инсанасе кьураб хасияталда рекъараб букIуна гьесул къисматги…

Гюльбагьор гIуна чIегIерал беразул чергесай, берцинай яслъун. Росасе ана 16 сон барабго. Рос гьелъие ккана лъикIав, гьесул хъизаналда гьейги лъикI къабул гьаюна. Аваданай, рацIцIа-ракъалъи бугей нус киназего йокьулаан. Гьаруна лъимал – васал: Давид, Рувин ва яс Либо. ГIумру гьезул букIана гьоркьохъеб, бечедабги гуреб камурабги гьечIеб. Амма пачаясул хIукумат тIаса реххидал кинабго хисана – тIаде щвана захIматаб заман. Дербенталдеги щвана рагъ, хIалтIулел рукIинчIо базарал, тукаби, аптекаби. Больницаби цIуна лъукъа-къотIарал солдатаз.

…Рос Давидги захIматго унтун хвана. Гюльбагьор хутIана лъабгоял лъималгун. Сверухъ букIана

рагъ, ракъи. Революциялъ кинабго хисизабуна. Гьелъул букIана гIицIго 23 сон… ГIолохъанай къоролалде тIаде регана гIемерал захIмалъаби, вукIинчIо кумекалъе ватизе чи. Гюльбагьор гIодулейцин йикIинчIо, щайин абуни, лъималазда, хасго васазда, гьей тамахайлъун йихьизе бегьуларoан, гьел гIезаризе кколаан кинабго хIехьолел, къуватал ва къвакIарал, гьезие мисалияйлъун йикIине кколаан жийго.



Къойидаса къойиде бакIлъулеб гIумруги, гIемериселъ чияр ахакь – хурий хIалтIун гьабизе кколеб бетIербихьиги букIаниги, Гюльбагьорица хIал лъазе биччачIо…

Херай Раяхъ гIенеккидал, бичIчIана захIмалъи цIикIкIун бихьарабгIан гIадамал къвакIулелги лъикIлъулелги рукIин. Гьединаллъун лъугьун гIуцIун букIун батила доб заманаялда цIияб гIумруги, улкаги, дунялги. Гюльбагьор ккола улкаялъул ва халкъалъул къварилъи-захIмалъи хIехьараб хIубилъун. Цебе чIезабе 1928 сон… Гьанжего гьанже хIатIазда чIолеб республика, гIуцIулел колхозал, щибаб росулъ рагьулел цIиял школал, гIадамазда жалго ракьалъул бетIергьабилъун рихьулеб ахIвал-хIал, цадахъ лъугьун гьабулеб хIалтIи ва гIуцIулеб цIияб гIумру, рокъов гьечIев бихьинчи, хьихьизе, гIезаризе кколел лъимал.ГIолохъанай къоролай уна жийги бригадаялде йосеян гьарун. Амма, гьеб мехалъ жеги колхозалде хIалтIизе руччаби росулел рукIунаро…

Гюльбагьорилин абуни, жиндирго бербалагьи букIана ритIухълъиялдеги сверухъ лъугьунебщиналдеги – гьей дунялгун къеркьезе лъугьунароан, байбихьулаан ритIухъаб ва битIараб гIумру гIуцIизе. 14 къоролзаби – батракал рукIана росулъ. Гьелъ гьел киналго данде гьаруна ва «БагIарав партизан» абураб артельги гIуцIун, хIалтIизе байбихьана. Гьелъ рехун тарал ракьал росана хIалтIизаризе, чIана гьенир цIолбол ахал. Кинабго хIалтIиги гьабулаан махсаро-хочIалда, аваданго, ахIулаго кечIгун, гьираялда, букIинеселда кIудияб божилъигун ва анищгун. Колхозалъулгун дандги бачIого гIуцIараб руччабазул артелалъ байбихьана лъикIаб бачIин кьезе. Мунагьал чураяй кIодоэбел Сараца Гюльбагьорида малъулаан жинца гьабулеб иш бокьизе кколин ва гьеб мехалда ишалъе нилъги рокьулин абун. Буцулеб ханжу бокьани, чед тIагIамаб лъугьуна, цIолбол гъабу бокьани, гьелъ гьуинаб цIибил кьола…

Рокьи гьечIони, гIумруги букIунаро, – ян гIемер абулеб букIана гIакъилай Сараца, тирулеб мергодул гьаркьихъ. ГьитIинай Гюльбагьорида гьеб ракIалда чIана. Артелалда цадахъ хIалтIулел руччабазда гьелъ бихьизабулаан хIалтIулъ цебехъанлъи, къвакIи ва ишалде рокьи. Гьезие хIалтIизабизеян колхозалъ кьураб ракь букIана къачIаялъул рахъалъ агрономияб мисаллъун. Гьебги цонигиялъул хасаб лъайги гьечIого, гIицIго гьираялда ва жавабчилъиялда бан, гIумруялъул хIалбихьиги хIалтIизабун. Гьединаб мисалияб захIматалъул хIасилалги лъикIал рукIун, колхоз хIажатаблъун ккана гьел жанире росизе. Руччабазул бригадаялъ киналго хIикмалъизарулел рукIана лъикIаб бачIинги бакIарун.

Заман унеб букIана, Гюльбагьорил лъимал гIуна, кIудияв вас учительлъун вахъана. ГьитIинав Давид, анкьго классги лъугIун, хьитал гьаризе ругьунлъана ва тIоцере жинца гьарурал туфлаби эбелалъе рачIана. Гьел хьиталги ретIун, росас кьун букIараб кIазги чIван, эбел цее ячIиндал, лъималхIикмалъун хутIана. ЧIурканай, гвангъараб гьумералъул, чIегIерал гъалазул гьей абизе хьвадулелги камулароан, лъимал кIудиял гIедал. Амма Гюльбагьорица хIукму гьабуна жиндие гIумруялда жанир лъимал гIезе ругилан… Лъималги колхозалъул хIалтIиги букIана гьелъул рохеллъун. Рагъда цересел сонал гьелда ракIалде щолаан цо гвангъараб пашманлъигун. ХIалтIи букIанила гIемераб, амма рохелалги дагьал рукIинчIо! Колхоз бечелъана, цIолбол бачIинги хайирги цIикIкIана. ЗахIматчагIазул гIумруги лъикIлъана. Гьез гIезаруна цIи-цIиял сортал.

1940 соналъ гьелъул кIудияв вас Рувин витIана армиялде. Гьелъин абуни ялагьулей йикIана васасе ячиней гIадинай яс. Ракълилаб гIумруги, лъикIал анищалги рукIана….

Амма анищазде щвезе хьван батичIо, байбихьана рагъ. Рувинги гьениве ккана. 1942 соналъ Давидги ана рагъде…



Нилъер руччабаз доб заманалда гьабичIеб хIалтIи кинабгIаги хутIичIо, къезаричIел захIмалъабиги рукIинчIо… ХIинкъараб жо гIицIго почтальоналъ чIегIераб кагъат бачIин букIана ва 1943 соналъ гьеб гьелъухъеги бачIана. «Нужер вас Рувин бахIарчи гIадин вагъана ва хвана ВатIан цIунулаго», – абун хъван букIана кагътида. Гюльбагьорил цохIого цо божилъи хутIана Давид тIадвуссинилан абураб.

1945 сон. ГIагарлъараб бергьенлъи… Амма почтальоналъ, хIалицаго магIуги ккун, гьелъухъе бегьун бачIана кIиабилебги чIегIераб кагъат: «Нужер вас Давид бахIарчи гIадин хвана ВатIан цIунулаго», – абун хъван букIана гьелдаги. ХутIичIо эбелалъе васалги яцалъе вацалги. Гьеб къварилъиялъ бусада лъурай яс Либо тIокIай яхъинчIо… Гюльбагьорил щивниги хутIичIо. Гьей, гIагарал камуразда ва ялгъузлъи лъаразда лъикIго йичIчIила.

«Лъималги гьечIого дие гьаб гIумру сундуе?» - абун гьикъулеб букIана гьелъ жиндаго. Чанго анкьидаса хъахIлъана гьелъул чIегIерал гъалал, пашманаб кьер чIвана гьурмада ва свана беразул гвангъи, гьурмада раккана рукIкIеналги.

Гьелдаса хадуб Гюльбагьорица чIегIер кидаго бахъичIо, амма жанжигар гьелъулъ гIемераб букIана, хIалтIи-пиша гьечIогоги тIуячIо! Колхозалъул, рагъул соназда чIунтизе бахъараб, цIолбол ахил рагIалдаги эхетун, гьелда бихьулеб букIана гьезие гIоло ва гьений хIалтIизелъунги гIумру гьабизе ккей.

ЦIолбол ахалги гьенир сорталги цIигьариялъе гIемераб заманги захIматги хIажалъизе букIин бич1ч1арай Гюльбагьорица жиндиего хIукму гьабуна, гIумру захIматалдалъул бечелъизабизе. Гьей хIалбихьиялъе ана ВДНХялде, командировкабаз хьвадана Крымалде, Краснодаралде, ракIарана селекциялъе материалал, лъазабуна батIи-батIиял цIибил гIезабулел регионазул хIалбихьи ва гьеб кинабго гIагараб колхозалда хIалтIизабуна. ХIалтIулъ рихьизарурал тIадегIанал хIасилазухъ 1949 соналъ гьелъие щвана «Социалистияб ЗахIматалъул БахIарчIужу» абураб хIурматияб цIар. Гьелъ цIидасан гIезаруна «Хайтаги», «Нэрмэ», «Гюляби» абурал сортал.

ГIемераб бицине бегьула гьелъул жамгIияб хIаракатчилъиялъулги. Къого соналъ тIатIала гьей йищана Дагъистаналъул Верховный Советалде ва бакIалъулаб Советалде депутатлъун, йикIана ТIолгосоюзалъул росдалмагIишаталъул церелъеязул гIахьалчIужулъун.

Гюльбагьор хIалтIараб колхозалъе гьанже кьун буго гьелъул цIар ва свериз абун буго агрофирмаялде. Дербенталъул цо къватIалдаги лъуна гьелъул цIар. Татазул машгьурав хъвадарухъан Хизгил Авшалумовас гьелъие хъвана «Гюльбагьор» абураб поэма.

Нижецайин абуни Раечкада батIияб жо гьикъана:

- Дой йикIана колхозалъул руччабазул Советалъул председательлъун ва гьелъ тIубазабулареб руччабазул суалги букIунароан. Бокьарал нуцIбиги рагьулаан, бокьарав чиновникасухъеги унаан, гIадамазе кумек хIажалъидал. Техникумалде яги вузалде лъимал цIализе ритIизе кканиги, рукъ балагьизе кканиги, лъималазе ригьин гьабизе къваригIаниги, ялъуни кинаб букIаниги къварилъи тIаде бачIани, гьей хIадурай йикIана кумекалъул квер бегьизе.

- Дербенталдаса жугьутIазда гьанжеги ракIалде щола Гюльбагьорица ахIулел рукIарал пашманал кучIдул – магIаби. Гьел магIабазухъ гIенеккидалги лъикI бичIчIула, кинай гIадан гьей йикIараяли. Бертабалъги ахIулаан гьелъ кечI бигьаго ва берцинго, гьединго берцинго кьурдулаан, лъалаан йоххизеги ва кеп щведал кIаркIарун елъизеги. ЛъикI ретIа-къазеги бокьулаан, чIегIербан йигониги, рас ххаялъе ракьадул гурони гьоркьоги хIалтIизабулароан…

Гьалмагъги гьей йикIана божарай, кидаго аскIой ятулей ва киналъего хIадурай. Гьалбалги гьелъие ц1акъ рокьулаан, квенги лъикI гьабулаан, – абун бицана Раяца, гIолохъанаб заманги ракIалде щвезабун. Гьелда ракIалдещвана жиндирго хирияв рос Лазарги, ххулана бадиб магIуги…

– Дуца, дир яс, хъвай чара гьечIого гьединазул х1акъалъулъ, Гюльбагьор гIадинал гIадамал гьанже гьечIин. Руго чанги гIакъилал, берцинал, ишалъулал, мустахIикъал, амма кинабго гьеб цадахъго бугел, гьей гIадинал ратуларо. Нижее гьей киназего хирияй йикIана, 1983 соналъ, гьей хведал, мунагьал чураяв дир рос Лазарица гьелъул къаданиб лъезе зани Житомиралдаги гьабун бачIинабуна ва гьелда хъван буго: «Рагъдаса васал руссинчIей эбелалъе», – ян. Т1ок1аб щибго хъван гьеч1о. Гьеле гьединай йикIана Гюльбагьор…

**Сулгият БУЛГАЕВА**

Фазу Гамзатовна Алиева
(1932 – 2016) – народный поэт Дагестана, прозаик и публицист.
Автор более 60 книг стихов и прозы.
Работала главным редактором журнала «Женщина Дагестана», председателем Союза женщин Дагестана
Стихи семнадцатилетней Фазу впервые были опубликованы в газете «Большевик гор» в 1949 году, позже – в газете «Комсомолец Дагестана» и журнале на аварском языке «Дружба». Награждена орденом «За заслуги перед Отечеством» III и IV степени, Орденом Дружбы народов, двумя орденами Знак Почета, орденом «За заслуги перед Республикой Дагестан». Первая женщина – кавалер ордена Святого апостола Андрея Первозванного.



*Фазу АЛИЕВА*

# «ОТДАЙ МОЮ МАМУ!»

Две ночи мамы нет дома. Она дежурит в больнице – поступила большая партия раненых.

А я сегодня проснулась раньше всех, даже раньше бабушки. Лежу и вглядываюсь в оконное стекло, покрытое толстым слоем льда. Если высунуться из-под одеяла, то обожжет холод, поэтому я лежу не шевелясь, пытаюсь разобрать узор на окне. Пожалуй, это рассвирепевший медведь поднялся на задние лапы.

Эти два дня соседи у нас. Кто принес дрова, кто кизяк, кто что-то из еды.

– Когда приходят люди, в доме становится теплее от их дыхания,– говорит бабушка.– Тучи давят на землю, а на сердце давят горестные мысли. Как природа радуется светлым дням, так душа – теплому слову.

Итак, сегодня я проснулась раньше всех. Когда поднялась бабушка, я уверена, она не подозревала, что кто-то в доме тоже не спит. Но, кроме меня, бодрствует и Нуцалай; она притворяется, боится, что ее попросят сделать какую-нибудь работу. Нуцалай молчит, когда ее окликают, она и меня научила этому.

– Небо не может хранить благодать, так хоть ты, земля, сохрани ее. Без влаги корням трудно весной...– бурчит себе под нос бабушка, приседая перед очагом.

Платье бабушки топорщится слева, где карман. Я всегда мечтаю узнать, что в нем лежит. Однако легче взять голыми руками неприступную крепость, чем узнать, что лежит в кармане моей бабушки. Чего там только не было! Например, придет в дом соседка, спросит: «Нет ли у вас ниток?» А бабушка тут же откликается: «Каких тебе, какого цвета?» И в бездонный карман проскальзывает высохшая бабушкина рука. Раздается шум, будто ворошат горох, и бабушка безошибочно вытаскивает нитки нужного цвета. Отмотав их на сложенную бумагу, она протягивает соседке. «Дай Аллах, чтобы эта нитка принесла тебе счастье!» – обрадованно частит та. Еще бы! В войну нитки были



большой ценностью. Нужен кусок мыла, кишмиш, курага? Пожалуйста, все извлекалось из того кармана. Там же бабушка хранила и письма-треугольники от сына. Всего их было одиннадцать. Больше не пришло. Бабушка аккуратно сложила письма и завернула в серебристую бумагу, в такую до войны заворачивали чай. Среди писем, для верности стянутых резинкой, была и фотография бабушкиного сына с друзьями. После короткой стычки между бабушкой и мамой фотографию приклеили возле зеркала...

...Потихоньку разгребая золу, бабушка нашла тлеющие угольки, посыпала их соломой, и над очагом взвились струйки белого дыма. Мое сердце, будто согревшись от этих языков огня, забилось ровнее, и по всему телу разлилось тепло. Мне казалось, что свирепый медведь на стекле теперь пустился в пляс. Под изображением зверя я разглядела силуэт мужчины с винтовкой в руках. Он гнался за кем-то с длинным носом. «Гитлер!» – решила я. И в мозгу моем возникла картина: отец убивает Гитлера. О нем говорит радио, его фотографиями пестрят газеты. Отовсюду несутся радостные возгласы: «Война кончилась! Война кончилась!»

Соседка Субайбат, которая ночевала у нас, встала, резко рванув на себя одеяло.

– Вабабай, Патимат, что ж ты нас не разбудила? Долго мы спали? – спрашивала она, пытаясь разгладить смявшееся за ночь платье, поплевав на ладони.

– Не хотела будить вас, пока очаг не растоплю, – ответила бабушка.

– Погода не угомонилась?

– И не говори, такая напасть! Свирепствует! Не разобрать, где небо, а где земля.

– Патимат, мне приснился хороший сон. Может, это добрый знак?..

– Да услышит Аллах твои слова! Рассказывай.

– Вижу я, сестра, огромный луг, взглядом не охватить. Красиво, как в раю. Птички поют, кузнечики стрекочут, пчелы по цветам летают – мед собирают, словом, благодать – середина лета. И вдруг в этом раю появляется огромный дракон, глаза полыхают, изо рта – клубы дыма...

– Ой! – крикнули мы все хором.

– Я задрожала, сердце заколотилось. И вдруг откуда ни возьмись появляется крылатый огненный конь. Гибкий, стройный, сбруя и седло – серебряные. Клянусь сыном, показалось, всадник держит в руках не саблю, а молнию, так она сверкала….

– Но тут вдруг сабля всадника стала вдвое длиннее, сверкнула и отсекла голову дракону, которая покатилась с таким грохотом, что показалось: скала откололась и падает в ущелье. Не кровь хлынула из разрубленной шеи – пламя огромное взметнулось ввысь...

– Да будет так! – бабушка подняла руки к небу. – Дракон – это Гитлер, а всадник – Сталин. Скоро мы раздавим врага, как гнилую головку чеснока.

– Да будет так! – вслед за бабушкой руки к небу протянули и остальные.

– А я снов не вижу! Везет же Субайбат,– пожаловалась Ханзадай. Лицо у нее было огорченное…

…Бабушка не успела ответить – за дверью раздался какой-то звук.

– Метель? – предположила Субайбат.

– Да нет, кто-то плачет! – воскликнула Сапигат и кинулась открывать, забыв даже сунуть ноги в чувяки.

В саклю упала женщина, закутанная в пестрое тряпье. На груди ее и на спине были привязаны двое детей.

– Вуя! Бедняжка! – всплеснула руками Субайбат.

– Быстро принесите с веранды снега, – распоряжалась бабушка, – разденьте их, разотрите. А вы что стали?.. Разуйте женщину!

Еле-еле стянули с нее валенки. Сняв тряпье, в которое были замотаны ноги, мы испугались: так опухли они, красные, в ссадинах и кровоподтеках.

Бабушка и Субайбат возились с детьми. Они раздели девочек догола и долго растирали их снегом. Как нельзя кстати оказался тогда бабушкин карман…

…Выяснилось, что женщина не знает аварского, и мне пришлось быть переводчицей. Я не раз бывала вместе с мамой в больнице, прислушивалась к разговорам врачей. Наверное, никогда в жизни я не была так горда, как в тот день. Я стояла посреди комнаты и под пристальными взглядами переводила с русского на аварский. Из того, что говорила женщина, я с трудом понимала половину, но не могла же признаться в этом! Женщину звали Оксаной. Она бежала из захваченного фашистами города. С ней были дочь и мать. Мать Оксаны убило, когда они попали под бомбежку. Они увидели маленькую девочку, которая сидела рядом с мертвой женщиной и повторяла: «Мама! Мама!» Оксана взяла девочку с собой. Несколько суток они провели на каком-то вокзале. Затем им удалось сесть в поезд, который шел в Махачкалу. Они ходили из селения в селение и вот очутились у нас.

– О Аллах! Видите, какие муки выпадают на долю людям. Ведь мы тут живем как в раю. Не видим ни пожарищ, ни разрушений...– качала головой бабушка.

– За что же ты послал такие невзгоды? Разбросал людей по земле, как волков, лишил их крова, родины! – всплеснула руками Субайбат.

Затем окружили лежавших в беспамятстве детей. Девочек звали Оля и Надежда.

Маму отпустили из больницы только на следующий день. Она собрала с веранды снег, растопила его, выстирала детские вещи сначала золой, потом с мылом, которое принесли Рахмат и Ханзадай.

За эти два дня карман бабушки сильно похудел. «Малую болезнь хорошая еда лечит», – говорила бабушка и готовила гостям еду, бог знает где находя съестное.

Из каждого дома что-нибудь несли к нам: кто съестное, кто лечебные травы: мяту, чабрец, тмин, крапиву...Каждый день нас навещал Гаджидада – самый старый человек в ауле. Гаджидада держал ульи и всегда припасал для больных мед. Он подарил нам целый кувшин.

Дети долго болели, у них сошли ногти, кожа на лицах шелушилась.

– О Аллах! – взывала бабушка, смазывая их лица и руки лекарством. – В чем вина этих малюток? Как мог ты допустить, чтобы так страдал народ? – и тут же, опомнившись, начинала извиняться перед Аллахом. – Аставпируллах, прости меня, боже, я начинаю терять рассудок, вместо того чтоб переносить как должное твои испытания, я ропщу!

Но я-то видела, что хотя бабушка и молила Аллаха о прощении, сердце ее бунтовало.

Наконец пришла весна, принеся с собой много хлопот. Дети ожили. Окрепли...

…Однажды я слышала, как Оксана говорила матери:

– Не могу сидеть без работы.

– Нет, на поле я тебя не пущу. Я лучше попрошу Раису Петровну, чтобы она взяла тебя в больницу, – ответила ей мама.

У моей сестры Нуцалай была одна страсть: стоило ей увидеть бумагу и ножницы, она садилась вырезать фигурки зайцев, медведей, волков. И надо сказать, получалось у нее на редкость искусно. Бабушка почему-то не одобряла этого занятия.

– На сколько кусков изрежешь ты бумагу, столько ссор будет в доме. Так говорят старики, – сердилась она. – А ты знай кромсаешь и испытываешь удовольствие.

– Ну, бабушка, ну разреши, – молила Нуцалай. Вот и сегодня она вырезала из бумаги женские силуэты. Одна фигурка вышла очень хорошо. Нуцалай взяла огрызок красного карандаша и начала раскрашивать платье. За работой Нуцалай всегда наблюдала Надя, сирота. А теперь она почему-то расплакалась.

– Отдай мою маму, отдай, – кричала она и тянула ручонки к раскрашенной фигурке.

– Подожди еще, я не раскрасила...

– Отдай мою маму! – плакала девочка.

– Вабабай! – удивилась бабушка. – Видно, ее мама носила платье в красный горошек. Отдай ей рисунок.

– Отдай мою маму! Отдай! – уже держа в руках фигурку, продолжала плакать девочка.

Казалось, она просила тех, кто развязал на земле войну... И сегодня у меня перед глазами стоят детские руки, сжимающие вырезанную из бумаги фигурку.



Дагъисканалъул руччабазул къисмат киданиги бигьаяб букIинчIо. Инкъилаб бахъилалде цебеги гьезде тIаде кколаан кинабго рокъосебги къватIисебги хIалтIи, риччалароан жамаг1аталъул г1умруялъулъ г1ахьаллъизе. БукIинчIо гьелъул рес жиндирго махщел-гьунар т1атинабизеги. Санаде рахиндал, санагIатав чи дандч1варавго, эбел-инсуца гьел ригьнаде кьолаан ва росасул кверщаликье кколаан.
Амма гьединаб гIадлуялдаги цо-цо талихI ккаралги рукIунаан. Гьеле гьединай, къанагIатаб талихI батарай дагъистанияй ккола Дженнет МухIамадовна ТIалхIатги. Гьелъул бицунаго чара гьечIого хIалтIизабизе ккола «тIоцеесей» абураб рагIи – тIоцебе тIадегIанаб лъай щварай дагъистанияй (1909 сон), Северияб Кавказалдаго тIоцеесей композитор, музыкалияй мугIалим.

# ДЖЕННЕТ ТІАЛХІАТИЛ ДАГЪИСТАНАЛЪУЛ СЮИТА

Дженнет ТIалхIат гьаюна Владикавказалда, 1885 соналъул 18 апрелалда, лъайкьеялъул ишазул хъизаналда. Баянаб букIахъе, чIужугIаданалъул цебетIей хъизаналда бараблъун букIуна. Дженнетил эмен кколаан Дагъистан областалъул Даргиязул округалъул Урахи росулъа МухIамад МухIамадович ТIалхIат. Гьев вукIана XIX абилеб гIасрулъул 70 абилел соназ Германиялда университетги лъугIизабун, дагъистаналдаса тIоцеве тохтурлъун вахъарав чи. ЦIали лъугIигун, кавказалъул администрациялъ гьев хIалтIизе Владикавказалде витIана. Гьенив гьев лъугьана Северияб Кавказалдаго ц1аргIарав жамгIиявгун-политикияв хIаракатчилъун. Гьев вищула Владикавказалъул шагьаралъул Думаялдеги, гьениб гьесул гIахьаллъиялда рахъулел рукIана «ТIолабго Кавказ» ва «Кавказалъул гьаракь» абурал газетал. 1912 соналъ МухIамад вищун вукIана, Дагъистаналъул рахъалдасан, Пачалихъалъул ункъабилеб ахIиялъул Думаялде депутатлъун. Гьесул гIахьаллъиялдалъун къабул гьабун букIана Дагъистаналда 70 азарго векьарухъан бегзабазул зулмуялдаса эркен гьавураб закон.

Дженнетил эбел – Хаси Ханум Шах-Саварова кколаан Владикавказалда вукIарав Персиялъул вице-консуласул гIагарай гIадан ва машгъурай йикIана гурхIел-рахIмуялъулаб хIаракатчилъиялдалъун. Дженнетил ункъачо, вице- консуласул лъади йикIана цебетIураб бичIчIиялъул гIадан ва гьелъул бухьен букIунаан хъвадарухъан Лев Толстоясулгун.

Доб заманалда Владикавказ рикIкIунаан Северияб Кавказалъул экономикиябгун-культурияб центрлъун, гьенибе бакIарун букIана кинабго интеллигенция; гIемерал рукIана культуриялгун-лъай кьеялъул ва профессионалиял централ. Осетиялъул интеллигентал рикIкIунаан европаялъул лъайги, бичIчIиги, гуманитарияб пикруги бугел гIадамаллъун.

Дженнетил рокъорги гьединал гIадамал гIемер ракIарулаан ва гьелда гIемераб рагIулаан мугI1рузул г1адамазул гIумруги, жидеего хасаб культураги европаялъулалде гIагар гьабизе бугеб хIажалъиялъулги Кавказалъул

халкъазул бугеб захIматаб хIалалъулги бицунеб.

Гъединаб ахIвал-хIалалда, кIиго гьитIинал вацал Сиражудин ва Джемалудингун гIуна Дженнет. ГьитIинго загьирлъана гьелъул бакъназдехун рокьи. Инсуцаги гьелъие квербакъулаан ва рахъ кколаан ясалъул музыкантлъун яхъине бугеб анищалъул. 1904 соналъ Дженнет ТIалхIат, кидаялиго эменго гIадин, ана Германиялде ва Лейпцигалъул консерваториялде лъугьана. Гьениб консерваториялда рагьана Дженнетил унго-унгояб бажари-гьунар. Немцазул тIалаб цIикIкIарал мугIалимзаби – профессоралги мукIурлъана гьелъул тIабигIияб гьунаралъе ва цIалулъ бихьизабулеб хIаракаталъе.

ЛъачIого гIадин ана цIалул соналги ва 1909 соналъ Дженнет ТIалхIатица меседил медалалда лъугIизабуна консерваториялъул фортепианоялъул курс.

Рокъое юссиндал Дженнет концерталгун цее яхъана Северияб Кавказалъул батIи-батIиял шагьаразда, гьелъ гIенеккаразда рагIизарулаан европаялъул бакънал ва гьелъул концертазде гьираялда рачIунаан. Цо нухалда гьелъул концерталъе къимат кьун хъван букIана: «Цоги нухалъ бицинин, машгьурай пианистка – Лейпцигалъул консерваториялъул лауреат Д. М. ТIалхIатил хIакъалъулъ. ТIаде балагьун къимат кьунани, гьелъул хIай бихьиназул гIадинаб, кьварараб буго. Гьелде тIаде гъваридаб лъайги лъикIаб музыкалияб пагьмуги буго!» – ян.

Дженнет росасе ана граждан рагъул захIматаб заманалда, ай 1920 соналъ ва 1921 соналъ гьавуна вас Джемалудин. Ригьнал битI гьелъие ккечIо ва тIаделъана жиндирго бакъназул лъай борхизабиялде. Дагъистаналъул лъайкьеялъул наркомлъун вукIарав ГIалибег Тахо-Годида гьарана цIализе цIидасан Германиялде йитIеян ва 1925 соналъ, щуго сон барав васгун, Лейпцигалде ана.


Дженнет Далгат с родителями

Дженнет ТIалхIатил гIумруялда кIудияб бакI ккола гьелъ Германиялда дагъистаналъул халкъиял бакънал рагIизариялъе гьабураб хIаракаталъги. 1927 соналъ Лейпцигалда цIалулеб мехалда гьелъие битIун бачIана Дагъистаналдаса Г. ХIасановас, Джемаловас ва Е. Юдиналъ къачIараб бакъназул сборник. Гьелъ гьеб бихьизабуна немцазул консерваториязул профессоразда ва композиторазда. Гьезиеги мугIрузул халкъазул бакънал къабуллъана. Дагъистаналъул бакъназул кьучIалда чанго асарги гIуцIана гьениб. Бищунго лъикI къабул гьабураблъун кканa, симфоническияб оркестралъеян композитор Фриц

Рейтерица хъвараб, «Дагъистаналъул сюита» абураб асар. 1930 соналъ гьеб хIана Германиялъул чанго шагьаралда ва цIакъ разиго къабул гьабуна.

Дженнет ТIалхIатица бицунаан, Лейпцигалда цIалулеб мехалда гьениб жидеца гIуцIун букIанила советиял студентазул цолъи, гьез гьарулаанила митингал, концертал, художественниял вечерал ва гьединал тадбиразда, советиял композиторазухъ ва шагIирзабазухъ гIенеккизелъун гIахьаллъулаанила аза-азар немцазул хIалтIухъабиги студенталги. Гьелъул анищлъун букIана Дагъистаналъул мугIрузда искусство тIибитIизабизе, бакъназулги драмабазулги кумекалдалъун дагъистаниязул культураялъул рахъ борхизабизе, гьедин революциялда хадусеб цIияб гIумру дагъистаниязда гIатIидго бихьизабизе.

Дагъистаналде ячIиндал гьей гьеб анищ тIубазабизе тIаделъана. 1926 соналъ Буйнахъскиялда рагьун букIана Дагъистаналъул музыкалияб училище ва гьебго соналъ бахъинабуна МахIачхъалаялде. Дженнет ТIалхIат гьираялда тIаделъана гьеб хIалтIиялде. Педагогикияб коллективги дол сonазда гIезегIан къуватаб букIана, гьенире ахIун рукIана Москваялдаса ва Ленинградалдаса мугIалимзаби. Училищеялъе нухмалъи гьабуна Ленинградалъул консерватория лъугIизабурав Готфрид ХIасановас. Фортепианоялъул классалъе нухмалъи гьабуна Дженнет ТIалхIатица.

1927 – 1928 сонazда гьеб училищеялда хIалтIулаго, Дженнетица гIатIидаб гIахьаллъи гьабуна республикаялъул гIумруялда. Гьей гIемеразда рагIана ва республикаялда бищунго машгьурал музыкантазул цояйлъун яхъана. Дагъистаналда миллиял ва профессионалиялги бакънал хъваялъулъ Дженнетица ккураб кIудияб бакIалъ рес кьуна Мурад Кажлаевасе, гьей Дагъистаналъул тIоцеесей профессионалияй композиторлъун рикIкIине.

30-абилел сонazда Дженнетил сахлъи загIиплъана ва тохтураз гьелъие лъикIаблъун бихьизабуна гIумру гьабулеб бакI хисизе. Гьей ана Нальчикалде ва чанго соналъ гьениб гьабуна гIумру. Цо-цояз абула Нальчикалда 1936 соналъ лъималазул тIоцебесеб музыкалияб школа рагьиялъеги хIаракатчилъи гьелъул букIанилан. 2006 соналъ гьеб школалъе кьун буго Юрий Темиркановасул цIар.

ГIумру Дженнет ТIалхIатил халатаб букIинчIо. Гьей хвана 1938 соналъ, 53 сонги бан. Гьелъул ишал хадурккун нухда рачана ирсилаз. Вас Джемал вахъана музыкантлъун, гьес лъугIизаруна Москваялъулги Ленинградалъулги консерваториял ва гIемерал соназ хIалтIана Ленинградалъул Кировасул цIаралда бугеб операялъул ва балеталъул театралда дирижерлъун. Гьединго Джемал ТIалхIат гIемерав хьвадулаан концерталгун. Гьес спектаклял лъуна США-ялда, Германиялда, Индиялда, Япониялда, Великобританиялда. Гьев вукIана Дагъистаналда тIоцебесеб, Мурад Кажлаевасул макъаналда ва Расул ХIамзатовасул поэмалда лъураб, «Горянка» балеталъул дирижер – постановшиклъунги.

Дагъистаналъулги Россиялъулги культураялда тараб гьваридаб лъалкIалъухъ гьесие кьуна «Дагъистаналъул культураялъул мустахIикъав хIаракатчи» ва «Россиялъул Федерациялъул культураялъул мустахIикъав хIаракатчи» абурал хIурматиял цIарал. ГIумруялъул ахирисел соназда Джемал ТIалхIатица нухмалъи гьабуна жинцаго гIуцIараб «Санкт – Петербург» оркесталъе.

Джемал ТIалхIат хвана 1991 соналъ жиндирго рокъоб цIаги ккун, гьениб хъизаналъул архив хвасар гьабулаго.

Джемалил яс – Дженнет ТIалхIат – гьитIинай, ккола Петербургалъул машгьурай художница. Гьелъул вуго кIиго вас. КIудияв Дмитрий - художник, гьитIинав Михаил Татарниковас лъугIизабуна Санкт-Петербургалъул консерватория. Кидаялиго жиндир кIудадаго гIадин гьевги хIалтIана Мариинскиялъул опералъулгун балеталъул театралда. 2012 соналдаса гьев ккола Санкт-Петербургалъул, Михайловскиясул цIаралда бугеб, операялъулгун балеталъулаб театралъул бетIерав дирижер.

Дженнет ТIалхIатил творчествоялъулаб гIумру букIана гвангъарабги пайдаябги… Пианистка ва педагог, музыкалияйгун жамгIияй хIаракатчIужу ва тIоцересел музыкалиял асаразул автор…

***ХIикматай гIаданалъул хIикматаб къисмат… Дженнет ТIалхIатихъа бажарана композитор ва педагоглъун жийго машгьур гьайизе, дунялалда рагIизайизе. Амма гIумруялъул аслияб мурадлъун ВатIаналъе хъулухъ гьаби рикIкIунеб хъизаналда гIурай гьелъги доб захIматаб заманалда тIаса бищана жиндирго нух. Гьелъ хIаракатчилъи бихьизабуна дагъистаниязул культура, гьелъул хаслъиги цIунун, европаялъул культураялде гIагар гьабизе.***

Эльмира ТIАЛХIАТ


Манаба Магомедова, художник-ювелир



# Самолёталъул кваркьиялда тӀад

Альберт Хаджаев. Бавер Джафарова – Дагъистаналъул тӀоцеесей летчик-чӀужугӀадан

Тумазул гӀемерал рукӀана машгъурал руччаби. Гъединаздаса ккола Парту Пат1има, Къуркълиялдаса Щаза, букъун хьвадулеб гамил бахӀарчи МухӀамад ХӀажиевасул эбел, Чариновазул тухумалдаса Хурбиче, Дагъистаналда цого цо йигей, тифалъул эпидемиялде данде рагъ гъабун Станиславил лъабабилеб даражаялъул орден щварай, Тату Булачил гьалмагъ Хадижат Саг1ид-ХӀусейнова…
Руго гьеб гьитӀинаб миллаталъул руччабазда гьоркьор меседалъ рукъарулел устарзабиги, жидерго хӀалтӀаби дунялалъул бищунго лъикӀал музеязда цӀунарал художникалги, цӀар рагӀарал тохтуралги, гӀалимзабиги, промышленносталда ва росдал магӀишаталда цебехъанлъи бихьизабурал захӀматчагӀиги, ишалъе ритӀухъал мугӀалимзабиги… киналго рикӀкӀун хӀал кӀвеларо!
«Дида лъалароан Севериялъ Кавказалда тӀоцеесей летчица дагъистанияй йикӀин. Гьелъул хӀакъалъулъ дида рагӀичӀо я Кабардино-Балкариялда, я Осетиялда ва цогидал республикабазда. Летчицаби гӀурус ясал гурони рукӀунарилан кколаан,– абун бицана Россиялъул БахӀарчи, летчик–космонавт МухӀамад ТӀолбоевас. – ГӀайиб гурищ гьанжелъизегӀан гьей  нилъедалъангутӀи…»





Дагъистан Республика гIуцIаралдаса 100 сон т1убаялъул юбилеялде лъил хIакъалъулъ хъвалеб абураб суал бачIиндал, тIоцее ракIалде щвана гьей, тIоцеесей ва багьадурай Бавер Джафарова!

ГIарац-меседалъул устар Фатали Джафаровасул анцIго лъималазул цояй Бавер гьаюна 1920 соналъ мугIрузулаб Чуртахъ росулъ. ГIуна гьей доб заманаялъул цогидал лъималгогIадин: хьвадана иццухъе, гьабуна эбелалъе рокъобги къватIибги кумек, цIалана школалда ва, гIемеразулгогIадин, анищгибукIун батила учительлъун яги тохтурлъун яхъине.

Араб гIасруялъул 30 абилел соназда Джафаровазул хъизан Буйнахъскиялде гочана. Гьениб гьезул инсуе, гIарац-меседалъул устарасе, Халкъазда гьоркьосел Парижалда, Лондоналда, Берлиналда рукIарал церелъеязул гIахьалчиясе, бигьаго букIана бетIербахъизе ва хъизан хьихьизе. Гьелде тIаде устар Фатали ва рукъ тIубарай Гурун Джафаровазул лъималги гIолел рукIана ишалде гьира бугел, захIматалде ругьунал, цIодоралльун. Гьезиеги шагьаралда санагIалъи букIана киналго суалазе жавабал ратизеги, гIумруялде нух бахъизеги…

Цо нухалда Баверида бихьана шагьаралда тIасан боржунеб аэроплан! Гьелда рагIун букIана роржунел жал рукIунилан, амма бихьун букIинчIо. Моторазул хъуй ц1ик1к1унеб ва ц1ик1к1унеб бук1ана. КIиго сверигиги бахъун аэроплан шагьаралъул рагIалда бугеб майданалда рещтIана. Бавер кьвагьараб гула гIадин екерана гьение ва гьелда рихьана кабинаялъуса къватIире лъугьунел чIегIераб форма ретIарал ва чIахIиял цIороберал рарал кIигоял.

– ГIадамал роржунел руго хIанчIи гIадин! – абун бицана гьелъ рокъое щведал ва гьеб сордоялъ гIемераб заманаялъ, жинцаго самолет бачунеб цебе ч1ун, макьу щоларого йикIана… КIудияб маххул хIинчIалъ кутакаб асар гьабуна гьитIинай Баверие ва гьелъул рекIелъ тана кIудияб лъалкI.

Школа лъугIун хадуб Бавер лъугьана Буйнахъскиялъул педагогическияб техникумалдецIализе. Гьеб заманалде Баверил хъизан цIидасанги гIагараб росулъе гочун букIана. Шагьаралда жийго теларилан, тIоцебесеб курс лъугIидал, инсуца Баверги ячана тIадюссун рокъое.

Чуртахалде тIадюссун хадуб, Баверица, цебехун педагогикияб техникум лъугIизабурай кIудияй яц ПатIиматгун цадахъ, рагьана чIахIияб гIелалда цIализе-хъвазе малъиялъул пункт. Гьениб гьезие кумек гьабуна росдал гIолохъабаз ва умумуз. Баверилин абуни анищ букIана МахIачхъалаялда вугев кIудияв вац Джафарихъе яхъине. Гьениб гьелъ, тIадюссун цIалун, лъугIизабуна педтехникум ва лъугьана МахIачхъалаялъул аэроклубалде. Гьеб кинабго хадуб гурони эбелинсудагицин лъазе течIо Баверица. Цебеч1езабеха, кьвараараб росдал тарбия щварай Гуруние, киг1ан зах1малъун бук1арабали ясалъул х1укмуялъе мук1урлъизе. Амма гьей дандеч1еч1о.

Гьей г1урччинал беразул ясалъин абуни бихьизабуна унго-унгоял бихьинаб хасият ва тIадчIчIей. Къад гьелъ тIуразарулаан дагъистаналъул ЦИКалъул руччабазда гьоркьоб хIалтIи гIуцIиялъул отделениялъул заведующиялъул заместителалъул ишал, къаси тIаделъулаан рорженалъул иш ва самолёталъул гIуцIи лъазабиялде. 1937 соналъ яхана Бавер т1оцее гьаваялде. Доб заманаялъ Осоавиахималъул Централияб Совет букIана Оскарил къотIноб. Щибаб къоялъ радал щугоялда гьенире ракIарулаан аваданал ва къвакIарал васалгун ясал – рукIинисел летчикал. 1938 соналъ роржарухъабазул школа лъугIилалде Баверица жинцаго У–2 самолеталда 40 роржингьабун букIана. Гьелда лъалаан гьаваялда дандчIвазе бегьулел хIинкъабиги, бажарулаан гьел къезаризеги.

«ГIадлу бугей, мурадалде щвезе къеркьолей, пикру х1алт1улей» – абун хъван буго гьелъул роржарухъабазул школалда кьураб характеристикаялда. Т1убана гьелъул лъимерлъуда бук1араб мурадги – йоржана «маххул хIанч1ида» рекIун гIагараб Чуртахалде, гьенибе бугеб 183 километра Баверица тана кIиго сагIаталда жаниб. Гьений гьей самолеталдаса гъоркье рещтIиндал, ва лётчица Фаталил яс Бавер ятидал, росуцоял ц1акъ хIикмалъун рукIана.

Цебеч1езабеха гIадамазул букIараб рохел, тIохдаса тIохде гьел ахIдолел рукIараб куц: «Фаталида лъазабе, Гурунида бице, нужер яс «маххул хIинчIалда» ячIун йигилан» – абун. Гьезда гьоркьой дунго йикIарабгIадаб асар буго! Доб букIиндалха, жеги райцентраздегицин автобусал хьвадулареб, машинабигицин къанагIатаб заман! Ракьцояз гьелда дандчIвайги гьабуна бахIарчиясдагIадин. Унго-унгоги бах1арчилъи букIана гьеб – гьелъ бихьизабуна анищалде щвезе бажарулеблъи. Баверие бокьана тIадеги цIализе ва жеги чIахIиял самолетазда йоржине.

ТIоцеесей летчица Дагъистаналда киназдаго лъана. Гьелъухъе рачIана гIемерал кагътал ва гIолилал божана, цIакъго бокьани ва хIаракат бахъани, мурадалде щвезе кIолеблъиялда. Гьелъие мисал Баверица бихьизабуна.

Бавер цIалана партиялъул ТIадегIанаб школалда, лъугьана роржарухъабазул школалде, гьеб лъугIун хадуб авиаклубалда инструкторлъун хIалтIана ва нилъер армиялъе пилотал хIадур гьаруна. Жигарай, цIияб жо лъазе бокьулей мугIрузул ясалъ, роржарунхъиялъул ишалъулъ лъикIал хIасилалги росун, рагIизабуна Дагъистан. Щвана гьелъие орденалмедалалги. Гьей рагIана ва лъана Москваялдаги, улкаялъул машгьурал летчиказул букIараб данделъиялде Кремлялдеги ахIана. Лъай-хъвай ккана Валентина Гризодубова ва Полина Осипенко гIадинал машгьурал роржарухъабазулгун, ахиралде щвезегIан букIана гьезулгун гьудуллъиги. Гьеб дандчIваялдаса хадуб букIана квана-гьекъей ва ихтилат-кеп. Гьенив Баверица лезгинка кьурдизе вахъинавуна СССРалъул обороналъул Нарком Климент Ворошилов. Иосиф Сталиница ва цогидал Политбюроялъул членаз гьезие гьираялда ч1валеб бук1ана хъат.

«Комсомол, партия», – абурал рагIабазул магIна кIудияб заман букIана доб. «Дица гьабич1они, лъица?» абураб суал лъолаан щивас жиндаго цебе. ЦИКалъул инструктор, чед бежулеб пекарнялъул директор, республикаялъул прокурорасул заместитель, Дагъистаналъул Верховный судалъул член, ВЛКСМалъул обкомалъул тIоцеесей секретарь, «Темп» кинотеатралъул директор – партиялъ кие йит1аниги, Бавер х1алт1ана жиндаго барахщич1ого.

Рагъ байбихьилалде цебе Баверил лъай-хъвай ккана НКВДялъул хIалтIухъан СагIид Баратовасулгун ва кватIичIого гьез ригьин гьабуна. 1941 соналъул 22 июналъ радал цудунго рос-лъади Баратовал жидерго хъулухъазде хIалтIуде ахIана. Байбихьана рагъ. СагIид витIана Буйнахъскиялде пехотаялъул командиразул курсазда цIализе. Баверицаги рагъулаб комиссариаталде гIарза хъван букIана, цогидай прокуратураялъул хIалтIухъангун цадахъ. Амма баянлъана гьей лъимаде йикIин, гьединлъидал армиялде йитIичIо, тана фронталъе летчикал хIадуриялъе ва гьенибги гьелъ бихьизабуна бажари ва жигарчилъи. Рагъул соназда МахIачхъалаялъул авиаторазул школа лъугIаразда гьоркьоса щугоял рахъана СССРалъул БахIарзаллъун.

Баверил рос Кавказ цIунун хвана, васги вихьичIого. Баверица жинцаго гIезавуна Фатали. ТIокIай росасеги инчIо.

Баверил хIакъалъулъ дол соназда гIемераб хъвалаан, гьелъул суратал камурал газеталгун журналал рукIунароан. Ц1аррагIарай дагъистанияй йитIула ТIолгодагъистаналъул руччабазул съездалде делегатлъун ва гьений гьей йищула президиумалъул Председательлъун. Съезд лъугIун хадуб Бавер Фаталиевнаялъ ДОСААФалъул аэродромалда бихьизабула жиндир роржанхъиялъулаб гьунар, гьаваялда тIубазабула тIадегIанаб пилотажалъул фигура.

Рагъдаса хадуб Бавер Джафарова авиациялдаса нахъе ана ва ракълилаб захIматалде юссана. Гьей тана МахIачхъалаялъул «Темп» (гьанжесеб «Дружба») кинотеатралъул директорлъун ва заманалдаса гьеблъугьана Дагъистаналда бищунго лъикIаблъун, гIемерал соназ чияхъе биччачIого хьвадулеббукIана БагIараб Байрахъги. Гьениб гьабураб кIудияб хIалтIухъ Б. Ф. Джафаровалъе щвана ДАССРалъул ва РСФСРалъул культураялъул мустахIикъай хIалтIухъан абурал цIарал.

Гьеле гьеб заманаялъ ккана дирги Бавер Фаталиевнаялъулгун лъай-хъвай. Нижеца гIумру гьабулаан Набережноялда. Дун рокъоса яхъунаан, хъвадарухъабазул Союзалде ине ккolев инсуда цадахъ ва Буйнахъскиясул къотIнор гIемерал лъалел-хъвалелгун дандчIвалаан. ГIемерисел инсуца гьадинго саламкаламги гьабун толел рукIана, амма Бавер Фаталиевнагун хабаралъе лъалхъулаан. Гьес гьелда гьикъулаан сахлъи, васасулги хъизаналъулги хIал. ГIемерисел гьел гьесда лъалелги рукIана.

Гьедин лъана дида берцинаб гьимиялъул гьайбатай чIужугIадан Бавер Фаталиевна лётчица, парашютистка ва рагъул гIахьалчIужу йикIин. Бихьана гьелъул гIадамаз хIурмат гьабулеб букIин. Гьелъул вас Фаталил гьудуллъи букIана дир кIудияй вацазулгун, гьев нижехъе гIемерав щолаан. Гьеб кинабго дица ракIалде щвезабуна 2005 соналъул 20 маялъ Дагъистаналъул тIоцеесей летчица ва парашютистка ракIалде щвеялъе, гьелъ гIумру гьабулеб букIараб, Оскарил къотIноб 15 абилеб минаялъул къеда чIвараб мемориалияб хъарщи рагьиялъул тадбиралда.

2017 соналъ Новочуртахъ росдал, летчик–космонавт Муса Манаровасул цIаралда бугеб гьоркьохъеб щколалъул азбаралдаги рагьана гьей, тIоцеесей ва цоги жий гIадинай гьечIей, зобал квегъарай багьадурай дагъистаниялъе мемориалияб си!

**Ажа ГIАБДУРАХIМАНОВА**

ХадубрагIи: анцIго лъимер гьабурай ва гIезарурай Гурун Джафароваλъе щун букIана Меседил цIваги, «Материнская слава» орденги. Киналго гьелъул лъимал гIуна лъикIал гIадамаллъун, специалисталлъун. **ДжахIбар** вукIана скульптор, дарсал кьолаан М. Джемалил цIаралда бугеб ДГХУялда. **Амин** вахъана биологлъун, гIемерал соназ вукIана Горзеленхозалъул директорлъун. **ГIабдулла** вукIана профессор, Плехановасул цIар кьураб, халкъияб магIишаталъул институталъул деканлъун. **Агъарагим** вукIана «Москваялъул дрожжазул завод» ООО ялъул генералияв директорлъун. **Темирхан** – Дагъистаналъул Гостелерадиокомитеталъул бетIерав дирижерлъун. **ПатIимат** яхъана Чуртахалда тIоцеесей учительницалъун, гьелдаго хадуй ана **ГIайшатги**, ракIбацIцIадго гьабуна тIаса бищараб хIалтIи гьитIинай яц **Сиясатицаги**.

# Щаза из Куркли

Поэтесса, классик лакской литературы (1868 – 1937). Внесла большой вклад в развитие поэтического творчества Дагестана.

«Стихи Щазы – точно белые слезинки ландыша на высоком стройном стебле. Они все едины, как его соцветие, все о любви, о любовной беде, обманном счастье. И такая же в них скромность, безыскусственность. Простота её – от высокого таланта», – пишет литературовед Н. В. Капиева.

А поэт и ученый Магомед-Загид Аминов считает, что «в истории лакской культуры Щаза – первый человек, который осознал себя профессиональным певцом».



## *Щаза из Куркли*

* * *

Цветком безгрешным я росла
На горной крутизне гранита,
Звездой застенчивой плыла,
От взоров дымкою закрыта...

Но ты пришел – цветок в слезах:
Его задели руки хвата.
Звезда померкла в небесах,
Когда ты глянул воровато.

* * *

Родной аул милей Багдада,
Но мне пришлось в слезах уйти.
От вздоха моего и взгляда
Желтели травы на пути.

Любила – и осталась рана,
И пела – проклята отцом.
Нет для меня грешней Корана,
Коль песню он клеймит грехом.

* * *

О! Что за мир? И что за люди?
За грош друг друга продают.
Неужто звон монет и будет
Звучней, чем песня и салют?

У всех в чести одни червонцы,
Без них и честь твоя – пустяк.
И кажется, что даже солнце
Не что иное, как пятак.

* * *

За тьмой ночной приходит свет,
Больной находит исцеленье.
На этом свете только нет
Исхода моему терпенью.

Ущелье грому шлет ответ,
А ветру – даль полей зеленых.
На этом свете только нет
Ответа человечьим стонам.

* * *

Не душа в тебе, а ветер –
Мне ли стать твоей женой?
Лучше уж пойти по свету
С горькой нищенской сумой.

Не лицо, а камень стылый –
Нам ли быть одной четой?
Лучше уж лежать в могиле
Под холодною плитой.

* * *

Опьянела не от взгляда
И горю не от любви,
Испила я чашу яда
Из паучьих рук твоих.

Ты палач! – иного слова
Нету для твоих страстей.
Захмелеешь ты от крови
Хоть однажды – от своей!

Перевод М.-З. Аминова

Нилъеца бицуней Татул эмен вукIана ЧIохъа офицер Булач абурав чи. Гъес хъулухъ гъабулаан Ишкарты, Ахты, Дешлагар щулалъабазда. Лъеберго сон барав гъев ракIалдаго гьечIого къадаралде щола, Изумруд, Бриллиант, анлъго моцI барай Тату ва гъезул эбел Арув Ажайги нахъе тун. Гъаюна Тату 1902 соналъул 10 январалда Каякенталда. Булач хваравго, эбел, лъабайго ясги ячун, Темирхан Щурае яхъана гIумру гъабизе. Хъизан букIана захIматаб ахIвал-хIалалда ва Тату 13 сон баралдаса нахъе хIалтIизе лъугьана. Гьей хIалтIана репетиторлъун, агрономазул пункталда статистлъун, хIата учительницалъунгицин. Кин гьедин букIине рес бугебилан дир суалалъе, «Дир гьитIинго лъай-хъвай ккана гIелмуялъулгун», – илан жаваб кьуна гьелъ. Гьеб киналъулго хIасилалда гьелъие рес швана Темирхан Щураб букIараб руччабазул гимназиялде цIализе лъугьине.



# Тату Булач

Словесносталъул учитель Поцхверовас кIвар кьуна гьелде байбихьудаго. Гьес байбихьана гьезул хъизамалде гьобол-лъухъ хьвадизе, гьалъул-долъул бицун заман чIвазе. Ва цо циндаго гIадин кIалъана эбелалада «Нужер кIудияй ясалда цIакъ рекъон буго Изумруд цIар, гьоркьохъей Бриллиант – абизе рагIи гьечIо, йигизеги бриллиант йиго. ГьитIинай Тату щай йикIуней?! Якъут йиго гьей!» – илан. Киназдаго бихьулеб букIана гьесул Татудехун батIияб бербалагьи букIин. Гьес цогидал ясаздаса ятIа гьаюлаан гьей.

ГIемераб заман иналде кинабго хиса-сверизе лъугьана. Жигарай гимназистка цее гIадин ясалгун ясандилей, гьоболлъухъ ячIуней йикIинчIо, дарсал гьоркьор риччалел, киназдасаго ятIа тIун чIолейги йикIана.

Цо нухалъ Поцхверовасул дарсида ккана гьадинаб лъугьа-бахьин. Тукадул хважаинасул яс Роса Гинбергица кьуна гьесие гьадинаб суал:

– Учитель, бичIчIизабе, щиб жо кколеб социализм?

– Тату Булачида гьикъе!, – йилан хъачIго жаваб кьуна гьес. Учителасда лъалеб букIун буго Татул рекIелъ бугеб.

КватIичIого Тату гимназиялдаса нахъе ана. Гьеб ккана Уллубий Буйнахъскиясулгуун лъай-хъвай ккаралдаса. Нахъе цIунун буго революционерас Татухъе хъвараб 17 кагъат. Гьезда гъорлъ рессун руго коммунизмалъул идеяби. Уллубийица малъулеб буго «Дуцаги гьабизе ккола гьаб нижеца гьабулеб бугеб хIалтIи. АгитациялдасангIаги байбихьe. Мун йикIине ккола нижер агитатор-горянка. ...БахIарчилъи ва цоги нухалъ бахIарчилъи…»

1919 соналъул августалда хъвараб ахирисеб кагътида буго 17 рагIи. Гьале гьел «Хирияй Тату! Хъвалеб буго станциялда вагоналъуб. Дун чIвазе рес буго, амма хIинкъи гьечIо. Дие мун йокьула!» Ва гъулбас «Уллубий».

Тату йикIана балъго хIалтIулезда гъорлъ. 1917 соналъ гIуцIцIана гIолохъабазул Союз. Совет хIукумат бергьаралдаса гьей цояб хIалтIудаса цоялде рехулей йикIана: Дагобком комсомолалъул председатель, МахIачхъалаялъул ва Хасавюрталъул завагитпропотдел, республикаялъул ревтрибуналалъул батIияб бакIалдаса рачIун гьабулеб сессиялъул член, Турциялда букIараб торгпредставительствоялъул председатель, Москваялда таможняялъул инспектор, ВЦИК СССРалъ гIуцIцIарал тIадегIанал педагогикиял курсазул директор, къасисеб академиялъул директор ва гь.ц.

АнцIила микьго сон барай ясячIана гьей партиялде, хIалтIухъабазул ва рекьарухъабазул хъулухъалъе гIумру кьезе. ТIубараб сордо-къоялда жаниб цо сагIатги батичIо гьелда жиндиего, дунялалдаго цIар рагIарай Клара Цеткинилгун, «Интернационалалъул» автор Петр Дегейтерилгун, хъвадарухъаби Джон Ридилгун, Назим Хикметилгун, Аркадий Гайдарилгун, Константин Паустовскиясулгун, Эфенди Капиевасулгун дандчIваязе батараб заман рикIкIинчIони…

Кинабго лъикI букIана 1937 соналъул 8 октябралде щвезегIан. Гьеб къоялъ Москваялда кквезеги ккун гьей этапалъ йитIана МахIачхъалаялде. ГIунтIизабуна къокъаб гIайиб: «Буйнахъскиялда букIараб троцкистазул гIуцIиялда гъорлъ йикIин».

Гьелдаса нахъе Татуда бихьана жужахIалъул гIакъуба. МахIачхъала-

ялда камераялда жаниве гьелъухъе вачIана нарком НКВД Ломоносов. НахъегIанаб гьимигун гьес абуна:

– Ахиркъадги щвана халкъалъул тушман кквезе! – ян.

– Дун гуро халкъалъул тушман, – илан жаваб кьуна гьелъ, – халкъалъул тушман вуго дун жанив тIамурав чи!

– Дица тIамуна мун жаний! Гьелда щибилан дуца абилеб?!, – илан кIалъана чекист. Амма Татул жаваб тункIил гулла гIадин щвана гьесда:

– Гьедин батани, – йилан къотIана гьелъ, – мун кколаха халкъалъул тушман!

Хъатица кIал чIвараб гIадаб асар гIумруялъ хутIана Ломоносовгун.

Гьеб гара-чIварияласа хадуб букIараб Татуца жинцаго гьадин бицана.

«ГьебсагIатго дун кьуна следователь Глебовасул кверщаликье. МоцIги бащадалъги «стойкаялда» лъун, кьижизе течIого, чвердезе йиччачIого, якъизаюн, кьуна гьес дие гIакъуба. Бохдул гьорон гIодой ккарайго яхъинаюлаан ва цо чагIи рачIунаан рачун, дица нижер рахъалде сверизе гьаруралилан. Дун тIамулей йикIана дидегоги цогидаздеги гIайибал гIунтIизарулал кагътал хъвазе – хъвачIо дица. Дир бетIерсверизехъин букIана… Глебовас абулеб букIана Ломоносовас жиндиеги рахIат толеб гьечIилан, дида кагъат хъвазабеян Къоркъмасовас дун гьел сверизаризе тIамун йикIанин абураб. Гьеб мехалъ Ломоносовас Глебовги, Глебовас дунги тезехъин рукIана рахIаталда.

Глебовасда бажаричIо дида щибго хъвазабун. Гьеб мехалъ дир иш кьуна батIияв следователасухъе – Ищенкохъе. ЦIияв следователас хъвараб протоколалда гъоркь гъулбас гьабизеги инкар гьабуна дица».

- КIиго батIияб ритIухълъи букIунаро, – ян абуна гьелъ, – дида кIоларо ритIухълъиялъе хилиплъизе.

Ищенко лъугьинчIо гьейгун харбиде ва юхана цебесеб ца бортизегIан ва берда гъоркь нервги тIезегIан. ТIадеги 10 къоялъ «Стойкаялдаги» чIезаюна.

Татуца лъазабуна я кваназе, я гьекъезе гьечIилан. Цин гьелъие хабар бицана, итизайизе кIвечIелъул – юхана ва я гIодой йикIине, я егизе, я кьижизе йиччачIо. ГIемераб сордокъоялъ гьей йикIана накалде бахунеб лъелъ чIун. Дагъистанияй щвечIел туснахъалги, карцералги, лагералги хутIичIин абизе бегьула!

Гьей ракI-ракIалъ божулей йикIана гьеб цо кинабалиго гъалатI батулин ва гьеб бичIчIарабго тIад ругез гьей къватIие йиччалин ва ритIухълъиги бергьунин абураб жоялда. Гьелъул хадуб лъикI букIиналда ва битIккеялда гIорхъи гьечIеб божи букIана. Цониги нухалъ хвалил пикру гьабичIо гьелъ, мукIурлъилиланги ракIалде ккечIо.

Пикру гьабеха нужецаго, 1942 соналъул 15 октябралъ, жийго жаний тIамун 5 сон тIубаялде гьелъ гьарана лагералъул командованиялда фашистал гъуризе жий рагъде йитIейилан. Инкар гьабидал, БагIараб Армиялъул рагъухъабазе гьелъ битIана 500 гъурущ, гьедигIанго танказул колона гьабулезеги. Рагъ ахиралде щолеб мехалъ гьелъие цодагьал бигьалъаби гьаруна ва Тату тIамуна гIачиязул фермаялъул заведующийлъун. Гьеб мехалъ гьелъул фермаялъ, цогидал гьединалго лагеразул нухмалъулел кваназарулел фермабазда гьоркьоб, ккуна тIоцебесеб бакI.

Сунданиги кIвечIо гьей чIужугIадан къуркьизайизе, къогогIан сон туснахъазда баниги. XX-абилеб съездалде 1956 соналъ туснахъалдаса юссарайго гьелъул рухIги жанги гIуна тIахьал хъвазеги, цIалдохъабигун студенталгун дандчIвазеги, гьелъухъа бажарана гIадамазулъ божилъи бижизабизе ва загIипазе кумек гьабизеги.

Дида гьей лъикI лъалаан, нижер Буйнахъскиялъул 5 школалъул краеведалгун дандчIвалей йикIиналъ гурейги. Гьелдасан, гIумру талихIаб букIараб гIадин, доб 20 гIазаб чIамураб сон букIинчIеб гIадин, дида киданиги рагIичIо цониги зигара яги гьари. Гьединлъидал батила, 70 сон бараб мехалъги гьей гIезегIан берцинай гIадан йикIарай – Уллубий Буйнахъскиясул кIудияб рокьи! Амма гьезул къисмат чIинтIана, кIиязго нахъе щибго течIого жиндие гIумру кьураб, обществоялъ.

**Булач ХIАЖИЕВ**





Мариам Ибрагимова (1918 – 1993) – врач, писатель, публицист, художник и историк.
Автор книг, в которых отражена нелёгкая борьба горцев за лучшую жизнь, дружба людей разных национальностей.
Главное произведение её жизни – роман-трилогия «Имам Шамиль». Произведение стало итогом многолетней творческой деятельности и колоссальной исследовательской работы. По признанию Расула Гамзатова, «её роман «Имам Шамиль» по праву является самым лучшим описанием Шамиля и Кавказской войны».

*Мариам ИБРАГИМОВА*

# Шамиль и Шуанат

*(Отрывок из романа)*

Дарго встретил имама в пышном наряде декабрьских снегов. Над квадратами плоских крыш, как белые султаны, поднимались дымки.

Жители аула с нетерпением ждали своих сыновей, мужей, братьев. Всё лучшее было припасено для дорогих и близких, возвращающихся с победой из похода. Вместе с запахом дыма из распахнутых дверей вырывались ароматы жареной баранины, лука, чеснока.

Готовились к встрече хозяина и в доме имама. В лучшее платье принарядились жена Патимат, тётушка Меседу и остальные. Красавица Анна тоже ждала повелителя. Несмотря на зимнюю стужу, она надела белое платье, накинула шаль, поднялась на крышу дома.

Ярким, солнечным было зимнее утро. Алмазной россыпью сверкала снежная пыльца в прозрачном воздухе. Авангард кавалерии показался из лесу. Девушка смотрела из-под руки на воина.

Вот она увидела того, которого так долго ждала, о ком так много думала. Радостное волнение охватило её, когда имам, откинув голову, посмотрел на неё и пришпорил неторопливого коня.

Ворота шамилевского двора широко распахнулись. Управляющий делами имамата молодой учёный Хаджияв стоял впереди встречающих. Рядом с ним, с радостью на лице, переминаясь с ноги на ногу, ждал своего господина Салих. В стороне застыла стража.

Шамиль в окружении старых друзей – наибов и советчиков – въехал во двор. Салих подбежал, схватил коня за уздечку. Хаджияв подошёл первым. Имам протянул ему руку.

– В доме спокойствие и порядок, – доложил управляющий.

Шамиль с чуть заметной улыбкой кивком головы приветствовал стражу и дворовых. Двум старикам-чеченцам, пришедшим встречать, подал руку. После этого к нему подбежали сыновья – старший Гази-Магомед и младший Магомед-Шафи. Отец взял каждого за руку, повёл к дому.

В кунацкой ожидали женщины. Первой подошла к имаму Баху. Шамиль обнял мать, спросил о здоровье. Затем подбежала тётушка Меседу, обняла племянника. Патимат низким поклоном молча приветствовала мужа. Маленькая дочь повисла на шее у отца.

До поздней ночи в кунацкой толпились гости. Особенно много было белобородых. Имам любил седых горцев, видавших виды на своем веку. Всегда внимательный, умевший с необыкновенной терпеливостью выслушивать говорящего, он казался возбужденным. Старики отнесли это на счёт радости побед.

Было уже поздно, когда разошлись гости. В доме все улеглись, за исключением матери и тетушки, которым хотелось наедине с Шамилем перебросится несколькими словами перед сном. Кроме них, не спали ещё две женщины. Жена Патимат, приготовив постель, нервно расхаживала по комнате, гадая, позовёт её в эту ночь долгожданный супруг или нет.

Анна тоже не ложилась. Она отказалась от ужина и не стала переодевать подвенечное платье. Благодаря ему она очутилась в доме имама. В нём хотелось ей кинуться в объятия этого сильного красивого мужчины, к которому её влекла сила разбуженных чувств.

Проводив мать и тетушку, Шамиль вышел из своей комнаты. Он стал во весь рост, подойдя совсем близко к стеклянной двери. Анна не отвернулась, не стала делать вид, что не замечает. Наоборот, тоже приблизилась к двери и стала, глядя на него с улыбкой. Но имам ушёл. Ушёл не к себе, а в комнату Патимат.

Забилось сердце девушки, загорелась молодая грудь чувством ревности. Она кинулась к двери, распахнула её в ожидании, но Шамиль не возвращался. Не раздеваясь, легла Анна в постель. В душе её спорили два голоса – голос рассудка, повторяющий: «Патимат – жена, а ты кто?», и второй голос: «Не прощу, сбегу!» До утра ей не спалось, весь следующий день она не выходила из своей комнаты. Не хотела видеть никого. Её раздражал весёлый голос обласканной жены. А вечером Анна сказала тётушке Меседу:

– Не зажигай лампу. Я нездорова, хочу лечь пораньше. Но Анна не спала. Она прислушивалась к каждому шороху.

– Почему в золотой клетке не горит огонь? – спросил имам.

– Ласточка, – так называла Меседу Анну, – весь день была скучна, это она не захотела.

– Может быть, девушка нездорова?
– Нет, думаю, просто не в настроении.
– Пойди, если не спит, позови её сюда.

Меседу вошла в комнату Анны.
– Ласточка, ты спишь?
– Нет, Меседушенька.
– Тебя хочет видеть он.
– Не пойду, – ответила Анна
– Нельзя. Когда зовёт имам, все должны идти.

Девушка встала. Не подобрав распущенных волос, накинула чёрный шарф. Низко склонив голову, стала перед повелителем.

– Садись, – сказал Шамиль.

Девушка опустилась на ковёр.

– Посмотри на меня. Разве ты не рада моему приезду?

Анна молчала.

– Тебя никто здесь не обижал?
– Нет, – качнув головой, ответила она.
– Ждала меня?
– Да.
– Меседу говорит, что ты научилась свободно читать Коран. Я очень рад твоим успехам и думаю, что скоро предпочтёшь единобожие многобожию…

Анна продолжала молчать.

– Ваш народ наделил Бога человеческим обликом, придумал отца, сына и Матерь Божию. Неверные обожествляют и людей, молятся нарисованным на бумаге или дереве божествам – это же идолопоклонничество! Говорят, ваши храмы увешаны изображениями божеств и святых, а кто их видел? Мы не рисуем своего Аллаха, ибо он не может быть во плоти, он незрим, неощутим, недосягаем. Весь мир, всё живое создано им. Тот, кто не заблуждается, признаёт единобожие и учение, переданное им в минуты откровения Пророку. Прими ислам. Тогда сделаю тебя женой – госпожой моего сердца. Я люблю тебя очень. Даже в минуты жарких схваток твой образ являлся передо мной, он был со мною повсюду днём и ночью, наяву и во сне. Страшная, необъяснимая сила влечёт меня к тебе. Вот и сейчас хочется прижать тебя к груди, осыпать нежными поцелуями, обласкать, как прирученную лань, но я не могу коснуться тебя, ты христианка. Никогда никого, кроме Бога, не умолял, а тебя молю – прими ислам.

Анна продолжала молчать. Её лицо, шея были залиты румянцем смущения.

– Иди, подумай, утром дашь ответ через Меседу.

Сердце не обманывало Шамиля. Оно почувствовало ещё до похода неравнодушие пленницы. «Она будет моей женой, примет ислам», – сказал Шамиль, раскрывая книгу стихов восточных ашугов. Он читал песни о любви. Из многих женских имён, выбираемых им, он остановился на Шуанат. Оно казалось созвучным с именем Анны.

С нетерпением ждал имам ответа. Когда вошла Меседу, он по её весёлому лицу понял, что Анна дала согласие.

– Сегодня же. Не будем откладывать, – сказал Шамиль. – Пусть позовут ко мне Хаджиява, надо распорядиться обо всём.

К обеду в дом Шамиля прямо из мечети пришли муфтий, кадий, другие представители духовенства. Они сидели в гостиной. Мать Шамиля и тётушка Меседу



ввели Анну с закрытым лицом. В красном шёлковом платье, в зелёных атласных шароварах, отделанных золотистым сутажом, в белом платке, она стояла, не видя тех, кто был свидетелем её обращения в ислам и регистрации брака с Шамилем по шариату.

Когда муфтий – глава чеченского духовенства – протянул руку Анне, мать имама взяла девушку за правую руку и положила её на ладонь муфтия.

– Повторяй, – шепнула Меседу.

Муфтий произносил по-арабски слова, непонятные ей, девушка механически повторяла их.

– Ты согласна стать женой Шамиля – сына Доного Гимринского? – спросил наконец муфтий.

– Да, – тихо ответила Анна.

В торжественной тишине звучали два голоса: грубый, гортанный – кадия и певучий – Анны.

Закончив обряд обращения в ислам и бракосочетания, закреплённого печатью и подписями свидетелей, кадий сказал Анне:

– Отныне ты наречена именем Шуанат и являешься законной женой лучшего из мужей Дагестана и Чечни – гимринского Шамиля.

Мать имама поспешила вывести девушку. Ожидавшая за дверью Меседу обняла её, поднесла дары. Многие жёны родственников и друзей явились поздравить новобрачную. Только Патимат не подошла к ней.

Шуанат увели в комнату. Эддит, увидев свою воспитанницу в горском наряде, расплакалась. Надежда на освобождение из плена была окончательно утеряна. В последнее время, видя перемены в поведении Анны, англичанка замкнулась. И до этого она не отличалась особой общительностью, в отличие от добродушной Анны. Эддит не пыталась отговаривать девушку, убедившись, что в сердце её пробудилось не простое увлечение юности, а настоящая, осмысленная любовь к мужчине, не похожему на многих.

Имам был равнодушен к увеселениям. На свадьбы приходил редко, чувствовал себя стесненно, особенно теперь, когда старинные обряды должны коснуться его.

Своему управляющему Хаджияву сказал:

– Пожалуйста, сделай всё, что полагается, только прошу закончить свадьбу за день, не созывая людей издалека.

Весь день он провёл в библиотеке. Здесь встречал почтенных старцев, пришедших поздравить его с бракосочетанием. Здесь угощал, дав молодёжи возможность попеть и поплясать в кунацкой. Невеста тоже не выходила из девичьей. Она сидела в углу, как горянка, с закрытым лицом, в окружении девушек и женщин. Гостей на свадьбе было мало. Разгулявшийся накануне буран занёс тропы и дороги, намёл большие сугробы в лощинах и ущельях. Шамиль радовался непогоде. Салих и другие юноши с утра разнесли немощным, сиротам и бедным вдовам мясо и другие угощения. К вечеру ветер разогнал тучи. Из-за клочьев разорванных облаков выплыла луна. Её мягкий свет, отражённый снегами, рассеял мрак зимней ночи.

Из кунацкой ещё доносился шум веселья, когда Меседу, подойдя к Шуанат, сказала:

– Пойдём, дочь моя, да будет благословенным этот час!

Шуанат, вздрогнув, поднялась и послушно последовала за тётушкой Шамиля, которая привела её в маленькую спаленку имама.

– Доброй ночи вам! Сына-первенца! Долгих лет согласия!

Когда Меседу ушла, Шуанат откинула с лица лёгкий шёлковый платок, оглядела комнату. Несмотря на отсутствие мебели, здесь всё казалось уютным – от тепла до пёстрых ковриков, которыми были увешаны стены, устлан пол. В одном из углов спальни на полу была разостлана постель.

Шуанат подошла к стенной нише, где горела лампа, прикрутила её и встала у окна. За окном было светло как днём. Казалось, под неугомонные звуки зурны плясал ветер, поднимая шум в лесной чаще.

Сердце у Шуанат заныло от нахлынувших дум. Ей вспомнился день, когда она, в подвенечном платье, газовой фате, с букетом белых роз, садилась в карету. Рыдала мать, плакали подруги. Под нежные звуки восточных мелодий бойко отплясывали захмелевшие парни. На лёгких карабахских скакунах гарцевали моздокские кавалеры и сваты, присланные женихом из Ставрополя. Карета, сопровождаемая нарядной толпой провожающих, катила к окраине города. За нею следовали подводы, груженные приданым, рядом ехали верховые. Кавалькада присоединилась к обозу, следовавшему в Ставрополь. В те минуты она видела себя в роли молодой генеральши, утопающей в роскоши, сверкающей красотой на весёлых столичных балах. И вдруг в течение нескольких минут всё оборвалось и перевернулось. Судьба занесла её в неведомый край, к незнакомым племенам. Тогда Анна молила Бога, чтобы он ниспослал ей смерть. Её лихорадило от одной мысли об абреках, жизнь которых описывалась ужасной, а нравы – дикими. Их вождя она боялась пуще огня. Он представлялся ей полузверем, одетым в невыделанные шкуры, вооружённым луком и стрелами, с глазами, мечущими молнии, с голосом, подобным разрядам грома.

Каково же было ее изумление, когда она увидела строгого, хорошо одетого стройного горца средних лет. Она была поражена белизной его рук, чистотой его ногтей и каким-то необыкновенным взглядом, в котором гармонично сочетались спокойствие с пылкостью, доброта со строгостью, простота с мудростью.

Наконец она была не только пленена его рыцарским благородством, но и полюбила его. И всё же где-то в глубине сознания тлели угольки вспыхнувшего когда-то страха перед ним. Теперь, когда она стала законной супругой имама, правителя чуть ли не половины Кавказа, кто знает, какими страстями он наделён, что проявится в его отношении теперь. Единственная дочь моздокского богача, изнеженная, заласканная, Анна боялась даже холодного взгляда. В минуты тоски она жалась к гувернантке или Меседу, успокаивалась, когда женщины гладили её голову, плечи, руки...

Она не шевельнулась, когда скрипнула дверь. Мягкую поступь его легкой походки Шуанат осязала. Вот он подошёл, осторожно стал рядом с ней.

– Ласточка моя! – Рука мужа скользнула по гладким волосам девушки. Шуанат закрыла глаза, откинула голову. Она почувствовала горячее дыхание, губы его едва коснулись ее бровей, глаз, щёк. Этот сильный большой мужчина ласкал её так нежно, так бережно, как будто перед ним был младенец.

– Боже мой... – прошептала Шуанат, млея от счастья.

– Не говори больше так. Скажи: «О Аллах!» Благодари его за эту ночь, за то, что сердцам нашим суждено достичь вершины блаженства в порыве обоюдной любви. Это блаженство подобно райскому... – шептал он.

Шуанат доверчиво обвила его шею. Шамиль взял её на руки...

Короткой показалась им ночь. Под утро, смыкая усталые глаза, Шуанат сказала:

– Обещай исполнить одну мою просьбу.

– Обещаю, – ответил Шамиль ласково.

– Прошу тебя, подари свободу Эддит, отправь её в Моздок, оттуда, может быть, она вернётся на родину. Иначе она умрёт от тоски.

– Хорошо, я освобожу твою учительницу. Откуда она родом? – спросил Шамиль.

– Есть такая страна – Англия, может быть, слышал о ней?

– Слышал, что, помимо Турции, Ирана, Аравии и России, существуют страны Англия и Франция, которые находятся за морями, населены племенами иноверцев. Только не могу понять, каким образом судьба занесла эту женщину в наши края? Мужчину – воина или мастерового – может забросить на чужбину нужда или необходимость... Что могла искать Эддит в Моздоке?

– Её выписал мой отец из Петербурга, из столицы, в которой живёт царь, специально, чтобы учить меня языку и хорошим манерам, – пояснила Шуанат.

– Хорошим манерам и поведению дети должны учиться у своих родителей, если они порядочные люди. А что касается языка, знать любой необходимо и полезно даже неучёным. Одно не нравится мне у твоей учительницы – непокрытая голова и оголённая шея. Слава Аллаху, что хоть платье носит до пят, а то без длинных шаровар была бы срамота одна... – рассуждал Шамиль.

Через неделю после свадьбы англичанку Эддит усадили на скрипучую арбу, поскольку она отказалась сесть на лошадь, и повезли в сторону Моздока, к царскому тракту. Когда показался город, возница и сопровождающие англичанку верховые остановили арбу. Эддит сошла с неё, взяла узелок с вещами и, не оглядываясь, поспешила в сторону крепости…



Барият Мурадова, актриса Кумыкского театра, народная артистка СССР





# БЕСХАНУМИЛ ХАЛИЧА…

**РакӀалде ккола мугӀрузул тӀабигӀаталъго бижизабулин гӀадамазулъ пагьму-гьунар ва гьединго, махщелазе бажариян. Гьедин лъугьунел руго гьанир берцинал тӀагӀелал, гӀолел руго лъикӀал шагӀирал, махщел бугел устарзаби. ГӀемермиллаталъулаб искусствоялъул унго-унгояб хаслъилъунги кколеб, тӀабигӀаталъго пагьму-гьунаралги кьурал, рижулел ва гӀолел руго батӀи-батӀиял ишазул гьунарчагӀи.**

Живго бетӀергьанас ракьалда лъугьинабун бугин ккола, азарилал сонаца гьаб ракьалда жиб цӀунараб, искусствоялъул ва культураялъул хаслъи ва гьеб киналъго хӀайран гьарулел руго цӀи-цӀиял гӀелалги.

Бисханум Пирмурадова… Гьанже гьей нилъгун гьечӀо. Амма гьелъул берциналги квегӀеналги халичаби нахъе цӀунун хутӀана ва ессарухъаналъул бажари-гьунаралъ жакъаги рохизарулел руго нилъ. Берцинал руго гьезда лъолел накъищалги, лъикӀ рекъезарурал руго релъенал ва кьерал, гьелда абизе бегьила унго-унгоги халкъияб искусствойилан.

– Лъимерлъи кинабха нижер хъизаналда букӀараб? – абун ракӀалде щвезабуна гьелъул яс Зайнабханумица. – Бигьаяб букӀинчӀо, щибаб къоялъ халичаби рессизе станоказда нахъа гӀодор чӀезе кколаан, гьелдаго цадахъ гьабизе кколеб рукъалъул хӀалтӀиги дагьаб букӀинчӀо. Дида гӀемераб ракӀалде щола, кӀодогун цадахъ гьеб станокалда нахъа эбел чӀолей йикӀараб заманги. Ниж лъималги рукӀунаан кидадай нижеде божилъи гьабилеб, берцинал накъищал гьарун рессаризе кӀусизеян. Абизе бегьула гьеб хӀалтӀиги махщелги щивасул бидулъги пикрабалъги анищазулъги бугилан. Устарлъи лъимерлъиялдасаго куцалеб жо букӀуна. Эбел йикӀана кутакалда захӀмат бокьулей, гӀемеразе мисалияб хӀалалда хӀалтӀизеги лъалей гӀадан. ГӀемерал соназ гьабуна гьелъ Кандыкалъул халичабазул фабрикалда бетӀерай инженералъул хӀалтӀи. Гьединго йикӀана «Хив» абураб, халичабазул цолъиялъул кӀудияй инженерлъунги. Байбихьуда гьелъ лъугӀизабуна Дербенталъул халичаби гьариялъул школа, хадубго хӀалбихьи щвеялъе ана Москваялде, лъугӀизаруна дизайнералъул курсал. Тахшагьаралда йигеб заманалда гьелъ гӀумру гьабулеб букӀана СССРалъул БахӀарчи, имгӀал ГӀумар ХанмухӀамадовасухъ.

– Эбелалъул хӀакъалъулъ дир ракӀалде щвеял тӀутӀурал гӀадинал руго. Дун ккола лъималазда гьоркьой бищунго гьитӀинай, – абун бицана Зайнабханумица. – Амма гьел ракӀалде щвеял дир щулиял руго, щайгурелъул гьел рукӀана рекӀел хӀалалда хурхарал, асаралъулал, хӀикматал ахӀвал-хӀалал цере чӀчӀезарулел. Дида дунго йихьулаан кӀудияб хъизаналда гӀурай гӀаданлъун. Нижер букӀана кӀудияб ва щулияб хъизан – анцӀго лъимер: анлъго ясги ункъо васги.

– Эбелалъ бицунаан, мех щведал росасеги ун, жий хутӀанила росулъ. Дида ракӀалдабуго, нижер рокъоб халичаби гьарулеб кӀиго станок букӀана. Цояб кӀудияб – кӀиго метралъ гӀебаб. Гьеб риидал квен-тӀех гьабулеб бакӀалда букӀунаан ва ниж киналго гьелда нахъа ругьунлъулаан эбел гӀадин хӀалтӀизе ва гьеб букӀана унго-унгояб творчествоялъулаб «школа». Нижее эбелалъ кьолеб тарбияги букӀана захӀматалъулаб. Гьелда халичаби кинал рокьаниги лъалаан гьаризе ва гьеб нижедаги малъулаан.

Эбел рикӀкӀунаан кӀудияй махщалилайлъун. Унго-унгоги лъикӀаб халича лъугьине ккани гьенир киналго накъищалги релъеналги рекъезе ккола. Гьеб рекъезабийин абуни буго бигьаяб гуреб иш. Бажаризе ккола техникияб рахъ рекъезабизеги релъенал рищизеги. Мисалалъе, хурдузул кьалбаздаса, гьотӀол макъаралдаса гьарурал релъенал рукӀуна халича гьализабуниги унарел. БагӀараб кьералъе хӀалтӀизабулаан марена, хъахӀилаб лъугьинабулаан индигоялдаса, тӀогьилаб - пералъул хъалалдаса, сонодул кьибилалдаса, зверобой ва душица хурдуздасан. Гьединго цогидалги кьеразе ралагьизе кколаан батӀи-батӀиял жал. Нижер халичаби гьарулел умумузда гьеб иш лъикӀ лъалеб букӀана.

Зайнабханум гьанжеги, яц Изаятгун цадахъ, гІагараб росулъе унеййиго релъеназе хІажатал хурдулги цогидал жалги ракІаризе, гьелъ умумузул гІадат гІодоб тун гьечІо. Щайгурелъул гІицІго тІабигІиял кьераз кьолеб буго халичабазе унго-унгояб берцинлъиги качествоги.

Жиндирго хІакъалъулъ бицунаго Зайнабица абула цоги батІияб иш гьабун бажаризеги букІун батиларилан.

– Нужеда бичІчІулищ, нижей эбел йикІана мисаллъун,гьелдаса ниж ц1акъ чІухІулаан. Нижер хъизаналъул архивалда цІунун руго гьелъие щварал хІурматиял грамотаби ва цогидалги шапакъатал.

Гьелда ракІалде щвана тІоцере Табасараналда халичабазул фабрикаби рагьараб заман. Гьел рукІана Кандык, Межгюль, Ляхла росабалъ. Доб заманалда лезгиязулги табасаранзулги халичабазул кутакаб къимат букІана ва пачалихъалъул заказгицин букІунаан.

- Нужеда цебе чІолищ халичаби рессулел кин хІалтІулел рукІаралали? Кверзул хІалтІилъидал гьеб букІараб. Нижеца машгъурлъизабулаан Дагъистан ва гьелъие щолаан гІемерал миллионазул заказал. 90 абилел соназда халичабазул хІалтІи рехун тана, кверал гьарулел рукІарал лъикІал халичабазул бакІалда, базаралде рачІана учузал синтетикаялъул халичаби. Гьедин гІодоб тезе ккана захІматаб ва гьебго заманалда хІурматияб иш. Доб букІана унго-унгоги захІматаб заман. Гьеле гьеб мехалъ, дир яц, табасаранзул халичабазул ирсилай устар, РФялъул дизайнеразулги художниказулги Союзазул член, доб заманалда Хивалъул халичабазул фабрикаялъул директорлъун йикІарай Изаят Мажидовалъ мисал бихьизабуна цебегосеб гьеб махщел цІигьабиялъе. Гьелъ абулаан: «Дун йиго Изаят Мажидова, табасараналдаса халичабазул устарзабазул ирсилай, Хив районалъул Кандык росулъа машгъурай Бесханумил яс», – илан. Гьедин гьелъ бихьизабулеб букІана заманалъул бухьен, халкъияб ва лъикІаб махщел хвезе ва кІочене тезе гьечІеблъиги. Зайнабханумица абулеб буго: гьелъул эбел Бесханум Пирмурадова ва гьелъул ясал халкъалъул культуриябги махщалилабги ишалъе ритІухъаллъун ругилан ва гьез умумузул хІурматияб пиша гІодоб тезе гьечІилан.

– Изаят ккола гІурус мацІалъул учитель, –абун бицана гьелъ, –нижер эбелалъул кІудияб анищлъидалха букІараб лъималазе тІадегІанаб лъай щвей. Амма яцалъ тІаде босана халичабазул иш гІуцІи. Хъизаналда Изаят гурейги руго эбелалъул ирс босарал яцал: Маи, Зоя, Маяханум. Нижер эбел ккола гІемерал халичабазул автор.1967 соналъ Лейпцигалда букІараб, Халкъазда гьоркьосеб халичабазул церелъеязда «Дагъистаналъул сайгъат» абураб халичаялъухъ гьелъие щвана меседил медалъ ва гьей рикІкІунаан республикаялдаго лъикІал устараздасан цояйлъун. Гьелъул халичабаз цебесеб бакІ ккуна Иранался, Туркмениялда, Пакистаналда рукІарал конкурсаздаги.

Зайнабханумица бицана, жиндир заманалда эбел Бесханумидаги кинабго гьеб иш-пиша малъун букІанила долъул эбел Перица ва гьедин, гІелаз гІелазухъе кьун, жидехъе щванила махщел.

–Гьанже дунги дир яцги хІалтІулел руго Дагъистаналъул изобразительныяб искусствоялъул музеялда реставраторалллъун, –илан бицана гьелъ.–ХІалтІи нижер бигьаяб гьечІо, гьениб къваригІуна гІадегІанаб махщелги, кІварги, лъайги, тІадчІейги. Гьебго заманаялда яц Изаят тІаделъун йикІана некІсияб кайтагъазул угьун гьарулел жал къачІазе, гьезул кІочон тараб иш цІигьабизе. Гьединал хІалтІаби рихьизе бегьула нижер музеялда. Гьанже гьеб махщалие ругьунлъун руго кайтагъалъул устарзабиги ва гьез цІилъизабулеб буго унго-унгояб искусство, лъазабулеб буго некІсияб махщел. Дизайнераз кайтагъалъул угьари хІалтІизабула ратІлиеги. Гьеб махщалие ругьун гьарула ДГПУялъул худграфалдаги, лъималазул искусствоялъул школаздаги, гьарула церелъеял ва гьезул хІакъалъулъги хъвала.

Зайнабханумица яцалъе кумек гьабулеб буго цІи-цІиял халичаби ургъизе, гьелъул техника цебетІезабизе, цересел накъищаздаса батІибатІиял суратал лъугьинаризе. Гьединаб цІилъилъун буго, дунялалда жеги кибгІаги лъицаниги гьабич1еб, чилайдул сумахъ гьабиги.

Гьеле гьедин, дагь-дагькkун дагъистаналъул махщелчагІазул гьунаралги цІигьарулаго гьабулеб буго Бесханумил ирсилаз гІумру. Жийго Зайнабханумица жиндир заманалда лъугІизабуна ДГПУялъул худграф ва дипломияб х1алт1и хъвана халичабазул темаялда. Хадуй, рокъор дарсал кьун, руччаби ругьун гьарулей йик1ана. Цинги гочана МахІачхъалаялде ва тІаделъана реставрациялъулал ишазде. Гьелъ нижеда бихьараб жиндирго хІалтІи бук1ана тІадегІанаб махщалида гьабураб. ХІалтІулей йиго яцгун цадахъ. Реставрациялъул иш ккола творчество. Гьез ургъулел руго сумахъазулги халичабазулги цІиял къагІидаби. Щун буго гьединал ишазе патентги.

***Бесханумида ракІалдагІаги букІанадай халичаби рессиялъул иш гьадинан цебетІелилан? Амма гьеб пиша кидагІаги гьоркьоб къотІулареблъи долда лъалеб букІун батула. ТалихІалъ камун гьечІо нилъер мугІрузул улкаялдаги гьеб ругьунаб махщел цІунизе хІадурал ва бокьарал.***

Жийго Бесханумил хъизанго буго цІакъ г1ажаибаб ва къанагІатаб. Гьез халичабазул хІалтІи гІадатлъун ккараб къагІидаялда гьабун толеб гьечІо. ГІемераб хІаракат бахъулеб буго цІиял къагІидаби ралагьизе, гьел жидецаго ургъулел руго, хІал бихьулеб буго техникиял рахъал гІатІид гьаризе ва лъикІлъизаризе. Гьединал ишазе гІатІилъизабулеб буго рес, ралагьулел руго ракІ унтарал, кумекалъе хІадурал гІадамал, гьезулгун лъугьинабулеб буго ишалъулаб гьоркьоблъи. Гьез анищал гьарулел руго республикаялда дагъистаналъул халичабазул устарлъиялъул центр рагьизе. Гьениб жаниб букІине буго хІалбихьиязулаб лабаратория, релъенал гьарулеб, кун дургъулеб, квас къачІалел цехалги ва рес рекъезе буго лъикІал халичаби риччазе. Бугебищха гьезухъ гьединаб къуват? РакІалде ккола жалго гьел ишалъе гІоло мегІер бегизеги хІадурал ругин. Амма гьеб буго гІаммаб масъала, нилъее умумуз, ва лъидасаго цебе Бесханумица, тараб махщел хадусел гІелазе цІуниялъе хІаракат киназго бахъизе ккела.

**ГІайшат ТАЖУДИНОВА**



Шейит-Ханум Арсланалиевна Алишева (1947) – народный поэт Дагестана, художник, переводчик и публицист. Секретарь правления СП РД, руководитель секции кумыкской литературы. Работала редактором кумыкского выпуска журнала «Женщина Дагестана».
В настоящее время редактор кумыкского выпуска журнала «Соколенок».
Член СП России, Союза журналистов РФ.
Заслуженный работник культуры РД.
Лауреат госпремии РД им. Р. Гамзатова.
Автор более двадцати книг стихов, нескольких книг для детей.

*Шейит-Ханум АЛИШЕВА*

## Женщина в любви!

Это мой дом,
Это мой очаг –
Ладонями хранимы уголья в стужу.
Озарен любовью свет в очах,
И смеха звон – оберег
Для детей, для мужа.
Всевышний, прости
Высокопарность строк...
И при шторме грести,
Предчувствовать порог,
Свет с тенью плести,
Удар, залог, предлог
Во взгляде прочесть,
На короне – краса,
На троне – честь.
Лучик солнца – в глаза,
На ладонях – роса.
В смехе,
В слезе
Материнства суть.
Не сутулясь нести,
Не падая ниц!
Из глубоких корней
Любви в женщине расти
Ты даёшь – без границ!
Всевышний, прости!

## И имя твоё...

Оживают рыбы
    на ладонях, отец!
Встрепенулся от всплеска
        одинокий камыш,
Подплывает по изумрудной воде,
    отец,
К внуку твоему сыном стать, малыш.
И тот пруд половодьем
        забурлил, отец,
И тот берег
    радужным фонтаном залил!
И первый крик рожденья –
        золотой венец
На имя твоё –
    Арслан-али!..
Соскользнули рыбы
        с ладоней, отец!
Вздрогнул и всхлипнул
        одинокий камыш,
По изумрудной воде
        уплывает отец
С именем твоим,
    правнук твой, малыш...

## В молитвах истовых!

И солнце приветствую
        стоя нечасто.
Добро иногда
    ловлю на весах.
И движенье рук
        без моего участия
Чурек разломает без «Биссмиллах».
Спасёт ли меня
Этих красок цвет
Как очищенье,
Как излеченье?
Возродят ли во мне
    не мой яд –
    а мой свет
По капле из тьмы?
По лучу к свеченью?..
Растекаясь вольно
        по белому листу,
Приобретёт ли форму
        древа ветвистого?..
Воскреснет ли душа моя
В молитвах моих истовых?..



## На дуэль...

...И ты вызывал меня на дуэль
Стреляться без промаха,
в цель.
Изрешетил меня, как знал,
как умел.
И распластано тело
на поле белом.
И вороньей стае
выклевать не захотелось
глаз моих, что черно и опустело
в небо не глядели.
А коршуну моё сердце
не надобно стало –
разбитое вдребезги,
посмертно усталое...
И кровь расплавилась
по степи полынной,
И спина распрямилась
меж корней былинных.
А чувства, что болью, любовью
и счастьем зовутся,
ныне глупо отсталые –
быть может, памятью
когда-то отзовутся?!.
...И вновь вызываешь
меня на дуэль,
стреляться в упор,
без промаха, в цель!..

## В ком души я не чаяла

В ком души я не чаяла –
снежинкой таяла
и на ладонь – каплей мутной,
в глаза – тенью блудной,
в память – нотой нудной...
... В ком души я не чаяла –
к схватке со мною в отчаянную
стали позу
и в лицо – перчаткою,
в сеть – поэзию и муз журчанье,
сняли прозу
с опечатками...
... В ком души я не чаяла
(их не счесть!)
с вершины моей
оползнем сползла...
Не вершила месть,
Не желала зла...
... В ком души я не чаяла,
обрекая на печаль,
с гребня жизни на берег
лодку мою причаливают...

## Остановлюсь на этой ноте!

Остановлюсь на этой ноте...
...Эхо в пчелиных сотах
Струится в дальний нежный шёпот.
Пыльцой лучистой затаился
В перекрёстных узах древний опыт...
...Остановлюсь на этой ноте.
Душа сбивается с пути,
Рвётся паутина слов,
Что легки, что не прочны.
Велено было сойти
В девять кругов вещих снов,
Где плод запретный алый, сочный...
...Остановлюсь на этой ноте.
Навзрыд надрывный крик на взлёте,
Визжит капель, бросаясь с чаши,
Глыбу каменную точит,
«Мы умерли с любовью нашей...»
Тень на обочине хохочет
И этот лист,
Не видишь, кровоточит!..
...Забываю, где ты, кто ты?!
Остановлюсь на этой ноте!

## Облачусь я...

...Облачусь я в белые одежды –
Обличу я былые надежды,
Что с корнями судьбы не срослись
Пробивать путь к свету,
Чтобы крылья сердца взрастить
К неземным полётам.
Не разрывали путы с ног
Круг за кругом,
Не ступали за порог,
друг за другом.
Быльём порастало,
что не стало былью,
Осело на память пеплом и пылью...

...Облачусь я в алые одежды –
Облечу я былые надежды,
В отблесках солнца чётный ряд
Золотом, пурпуром колышет
наряд –
Дом, семья, очаг, дети и внуки,
Журчанье реки, свирели звуки... ...
Моё горе,
Мои беды,
Страдания и муки –
Всевышнего надежды,
Чтоб познала жизнь сполна,
Чтоб взяла себя я в руки,
Выстояла!
(Иначе – как расплачусь?!)...
...Травой земле, птицей небу,
Любовью к людям возвратиться –
В изумрудные одежды облачусь!






Кадр из фильма

# РИТІУХЪЛЪИГИ РОКЬИГИ...

Къисматалъ гьалъие хІадураб, цо-цоязда маргьа бугилан ккезеги бегьула. Амма гьалъ рикІкІунеб буго, къвакІараб ва таваккалаб хасият букІиналъ кканин кинабго гьединилан.

ГІадатияй, унго-унгояй магІарулалъул гІажаибаб чІаголъиялда хІикмалъизе бачІуна. ДГМАялъул акушерство ва гинекологиялъул кафедраялъул кабинеталдаса дида данде ячІана гьей тІадагьай, разияй, берцинай. Къисмат хисизабизе бокьилебанищилан кьураб суалалъе, гьитІинай ясалъ гІадин, «бегьилаан валагь», - илан къокъаб жавабги кьуна.

Гьединай йиго Тамара ХІажимурадовна Хашаева. Щаклъиго гьечІо, гьей йиго легенда. Амма гьелъие бокьуларо гьединаб кІодогьайи. ЧІагояй, нилъер заманаялъул чІужугІадан, аралъул ургъалида гурей, букІинеселъул тІалабазда йигей. Гьеб батилин ккола гьелъул разиракилъиялъул балъголъи.

Санал? Гьелги гьелда рагІулелго гьечІоан. Гьаб пандемияги, кигІан бокьаниги хІалтІиги тун, регун рукІине гІилла гурин рикІкІунеб буго гьелъ. Гьаб гара-чІвариялъул заманаялъги гьелъул кумекчІужу чІечІого сагІтиде ялагьулей йикІана: Тамара ХІажимурадовнаялъ кафедраялъул заседание тІобитІизе заман цІан бугоан. Цодагьай гІенеккунги чІун, араб-тарабги ракІалде щвезабун, гьелъ жиндирго къисматалъул, хъизаналъул, гІумруялъул бицана…

Гьелъул эбел-эмен – республикаялдаго машгьурал чагІи – эбел Александра Прокопенко – врач-педиатр, эмен ХІажи-Мурад Хашаев – І9 сон барав чи халкъияв судиявлъун вахъинегІанги хасаб мурадалде щвезе кутакаб жигар бугев, хадубго цун секретарь ЦИК, республикаялъул прокурор. Кинабго рахъалъан гьунар бугев гьев, заманалдасан кІудияв гІалимчи вахъана: тарихиял гІелмабазул доктор, Дагъистаналъул хІакъалъулъ кьучІал тарихиял хІалтІабазул автор, Россиялъул гІелмияв хІара-

катчи, РАНалъул дагъистаналъул филиалалъул зампред.

– Кутакалда берцинав чигиха вукIарав, – илан елъана Тамара, – ясал судалдегицин рачIунел рукIарал, инсухъ ралагьизе.

Гьеле гьеб интеллигентияб хъизаналда щаялиго байбихьудасаго хIукму ккана ясалъул къисмат медицинаялда хурхараб букIине кколилан.

– Дирги цониги къоялъ ракI бухIичIо медицинаялъул нух тIаса бищунилан... Гинекологлъун яхъинин йикIана, офтальмологияги бокьулеб букIаниги, хадусеб специализация сундул букIинебали пикруцин гьабулароан.

Актрисалъун яхъине анищ букIарабдай гьалъул? Узухъда, букIинчIо. Кинабго гьелдаго бачIого ккана.

Цо нухалъ гьелъухъе екерун ячIана хъвадарухъан Нариман ГIалиевасул яс, гьалъул гьудул Дина ва Свердловскиялъул кино бахъулеб группа бачIун бугин ва аслияб роль хIазе героиня ялагьулей йигин бицана.

– РакIалъищ ахIарай? Гуро, цо кинабалиго шавкъ борчIана, цIакъ бокьана хIалбихьизе, – йилан бицана Тамараца. ТIоцебе гьелда гьикъана кечI ахIизе ва кьурдизе лъалищан ва пробазде ячIаян абуна. – Инсуца, дун яхъун Москваялде иналдаги хIинкъун, цо кверalъ кIиго гIеч кколарилан абураб кици ракIалде щвезабуна. Киноялъулгун лъугьа-бахъинги дица, интересаб лъугьа-бахъин гIадин гуреб, дун хадуй цIалеб, дир ракI балеб ишлъун рикIкIунеб букIинчIо ва букIинесеб професиялъе гьениб хIинкъи букIинчIо.

Гьедин ккезеги ккана. ГIемерал санал ингун Тамара ХIажимурадовнаялъ ракIалде щвезабуна, жиндие фильмалъул техникияб рахъ букIанила бищун интересаб. Цойги, фильмалда гьелъул вокьулев хIалесул унгоги гьелъухъ рокьи ккейги. Кино бахъулаго Тамарада бацалъизе гьесда гъоркь бакI лъолеб бихьидал, къабул гьабичIо гьалъ гьеб рокьиги.



– Дир гIелбащадазе гьадигIан цIакъ бокьулеб гьаб киногIаги щибдаян, хIалбихьана дица, амма гьелде дир ракI инчIо. Бариятги Соняги Мурадовал, Тажудин ХIажиев, Шарав Манташев гIадинал машгьурал артисталгун хIалей йикIаниги. Хадуй дун Азербайджаналде «Лейлаги Меджнунги» фильмалдеги ахIулей йикIана. Дица инкар гьабуна.

ЙикIинесей врач киналго щуйил къиматазда цIалулей йикIана, цебе гIелмияб нухги букIана бихьулеб, кинабниги заман цIалуде буссинабун букIана. Культураялъул тарихалде цIар ун бугелъул, Тамара Хашаева йитIана Москаялде Дагъистаналъул культураялъул декадаялде. Доб заманаялъ цIакъ цIар ун букIана миллияб искусствоялъул, халкъиял кочIохъабазул, поэтазул, хъвадарухъабазул, гьезул асарал дунялалъул мацIазде сверизарун рукIана. Гьеб заманаялъ, Танхо Израиловас гьарун, Тамара Хашаева «Лезгинкаялдаги» кьурдана. Гьеб декадаялда дандчIвана къисматалъ тIаса вищаравги. Гьев чIарадисев вукIана халкъияб хоралда кечI ахIулев ва йихьарайго рокьи ккана Тамарахъ.

– Кинабго цIакъ тириго лъугьиналъ, ЗАГСалде кин ккаралалицин бичIчIичIо нижеда. Дагъистаналде ниж рос лъадилъун тIадруссана. Вокзалалде дида дандчIвазе рачIарал эбелалда ва кIодоэбелалда дица: «Барке дида, дун росасе ана», – йилан абуна.

Таваккалалъулъ ва сундулъго хIинкъи гьечIолъиялъулъ гьелъухъе вахунев чи вукIинчIо. – МагIарул гIамал-хасият, – илан елъана гьей, – дир эмен вукIана Шамил районалъул Могьохъа. Гьесда релъарайха дунги.

– ГIумруялъулъ захIмалъаби дандчIваницщ? – илан гьикъана дица.

– ЧIвана, амма дие интерес бугеб жо дица гьабичIого течIо. Эбелинсул тарбияги букIана, чиясда гьабизе кIолареб жо букIунарилан. Мурад цебе лъуницщ – тIубазабе! ЦIалул ахиралда бичIчIана гIумруялъ кинаб хIалтIи дие гьабизе бокьун бугебали ва акушерствогун гинекологиялъул клиникияб ординатураялде лъугьана.

Лъицаялиго бахъараб нухдасан ун йикIараяни гIажаиблъи гьабизе ккелаан... Медицинаялъул дунялаладa цIар ун букIана доб мехалъ Мурад Аслановичасул. Гьесул эменги машгьурав хирург, Дагъистаналъул



ва Россиялъул мустахIикъав врач, эбел – Петербургалда Петровско-Разумовскиясул курсал лъугIарав инженерасул хъизаналдаса ПатIимат Давудовна – тIоцебе руччабазул гимназия лъугIарай магIарулай. Васги инсул нухдасан инчIого чIелищ? Берцинаб жинс-рахъалъул кьучIав гIалимчи, гьакIкIан кIалгун студентал лекциязухъ гIенеккулев…

– Гьеб букIана, цо ниж хадур гъолареб, цоцазде бугеб цIайи, – йилан пикрабальго гIадин абуна Тамараца, – дир рокьи ккана, ва гьеб асар кIиязулго батана. Гьев – ассистент, доцент, ДГМИялъул акушерствоялъул ва гинекологиялъул кафедраялъул заведующий. Гьай – гIелмудахъ гIащикъай, гIемерал анищазул студентка. Жеги кIиго соналъ лъадарана гьез жидерго асар, амма гьел ратIа гьаризе кIолеб къуват букIинчIо.

Тамара ХIажимурадовна Москваялде арайго Мурад Аслановичги гьелда хадувго гIунтIана. ГIолохъанай кандидаталъул диссертация букIана руччабазул сахлъи цIуниялда тIасан. Докторасул диссертациялда гьелъ гьебго тема гIатIид гьабуна, гIемерал лъимал гьарурал руччабазул сахлъиялдаги хурхинабун.

Унго-унгояв гIалимчи вахъине рес гьечIо гIелмуялъе гIумру кьечIони. ГIелму рагIал-ракьан гьечIеб космослъун бихьиялъ ва къвахI тун гIумруялъ гIелмиял цIех-рехазда вукIиналъ ватIа гьавула гIалимчи. Республикаялъул мустахIикъай гIелмияй хIаракатчIужу, Россиялъул мустахIикъай врач, Пачалихъияб премиялъул лауреат, Дагъистаналъул миллияб академиялъул член Тамара Хашаева гьединай йикIиналда щаклъи гьечIо.

Дунялалда машгьурав академик – росасул рагIдукь гьей киданиги хутIичIо. Бокьарав къуватав клиницистасе жаваб кьезе кIолаан гьелда кидаго, жакъаги гьелъул бетIер гIолохъанал гIалимзабаздаса къун хIалтIуларо. Лъим гIадин ингилис мацI лъаялъ гьелъие рес кьуна Америкаялъул Арканзас штаталда, Литл Рок шагьаралда бугеб университеталда лекциял цIализе. Доб мехалъ сенаторлъун вукIарав, Билл Клинтоница гъулбас гьабураб, гьеб штаталъул хIурматияй гражданин абураб диплом буго гьелъул нахъе цIунун. Америкаялде ине хIажалъи ккедал, гьеб дипломалъ квал-квал гьечIого виза щвезе кумек гьабула Тамара ХIажимурадовналъе.

ЦIар арал рос-лъадул гIелмуялъул нухда жинди-жиндир нух букIана. Гьеб нухда цоцазул бергьенлъабаздасаги кутакалда чIухIулаан. ГIалимчи, академик Мурад Аслановичас гIуцIцIана дагъистаналъул акушерствоялъулгун гинекологиялъул школа. Член-корреспондент, академик МАИ, Дагъистаналъул ва Россиялъул мустахIикъав гIелмияв хIаракатчи, гIелмияв доктор, профессор, Халкъаздагьоркьосеб ва Европаялъул акушеразул-гинекологазул Ассоциациялъул член ва къватIисел хIукуматазул гIелмиял гIуцIабазул хIурматияв член, Дагъистаналъул Пачалихъияб премиялъул лауреат, гьесул хIаракаталдалъун рагьана, МахIачхъалаялда бугеб РКБялъул кьучIалда, дагъистаналда тIоцебесеб Перинаталияб центр.

Гьел кIиязулго гIумру букIана, дунялалъулго медицинаялъул жамагIатгун цолъун гIелмиял борхалъаби росулеб, Россиялъул гIелму жидедаса чIухIулеб.

КигIан борхалъуде раханиги, гьел кьалбаздаса тIечIо ва кисакибего гьитIинаб ватIаналъул цIар рагIизабуна. Жидер хъизаналъул бищун кIудияб бечелъилъун гьез рикIкIуна лъимал – гьелги эбел-инсул нухдасан арал кIудиял гIалимзаби. Лъималазул лъималги унел руго гьебго, жидер мисалиял умумузул, нухдасан. КIудияв вас Аслан ДМИги лъугIун, кIикъого сон бараб мехальго гIелмияв докторлъун вахъана. КIиабилаев Набица лъеберго сон бараб мехалъ цIунана диссертация, гьев вуго кафедраялъул заведующий, медицинаялъул профессор. Мурад Аслановичасул яс Зарифацаги цIунана кандидатасул диссертация. Тамара ХIажимурадовналъул яс Виктория Германиялда лъикIай врач-окулист йиго. ГIумаровазул хъизаналда анкьго лъималазул лъималги, щуго гьезулги лъималги руго. Лъабго наслу гIелмиял докторазулги буго…

***– РитIухълъиги рокьиги – гьеб аслуялда тIад гIуцIизе ккола гIумру, – ян рикIкIунеб буго, бищун гьайбатал дагъистаналъул руччабаздаса цояй – Тамара ХIажимурадовна Хашаеваль.***

**ГIАйшат ТАЖУДИНОВА**

# КИНАБГО - ГIАДАМАЗЕ!

Нижер очеркалда бицунеб буго миллатал гIемераб дагъистаналдаса гьайбатай агъулай Байранхъиз Булгаевалъул хIакъалъулъ. Гьей гьаюна 1916 соналъ Рича росулъ, мискинаб хъизаналда. ГIумру гьезул букIана захIматаб. Х1алт1и бук1ана сардал-къоязги лъугIулареб. Доб заманаялъ гIицIго цIализе хъвазе лъани гIолаан. Лъабго класс лъугIизабизе гурони гьелъул рес букIинчIо. Байранхъиз гьитIингоялдаса эбелалъе кумекалъе хIажатай йикIана. Риидал цIул, хер ва цогидабги хIадурулаан, хасало гIибоцIул тIалаб гьабулаан.

Гьеб киналдего тIаде Байранхъизида лъана рагъул кьогIлъиги. Улкаялъул къисмат къотIулеб заманаялда Сталинил цIаралда букIараб колхозалда гьейги, гIемерал цогидалгун цадахъ, бихьиназулабги руччабазулабги гьабун хIалтIизе ккана. «Кинабго фронталъе, кинабго бергьенлъиялъе!» абураб ахIиялда гъоркь гьабулеб хIалтIи гIумруялъе кIвар бугеблъун рикIкIунаан, гьенир ракъун къечон холелги камулароан.

1942 соналъ, тушман Кавказалде гIагарлъидал, гIемерал ричаялъулаздаго цадахъ Байранхъизги ана захIматалъул фронталде. Моздокалда гIагарда, гьава-бакъалъул квешал шартIазда, гьезул хIалтIи макьилъги бихьизе бокьилареб гIадинаб букIана: бегулаан рохь, рухъулаан хандакъал, чIехьолаан цементалъулги чабхилги вагонал, гIахьаллъулаан аэродром баялда… Чанги ясал гIодулел рукIана гьеб бакIаб хIалтIиги захIмалъун. Амма гьез тIубазабуна улкаялъул тIадкъай. Масъала букIана тушманасе Дагъистаналде ва хадуб Бакуялдехун нух къазе ккеялъулъ.

Рагъулал соназда хIехьараб гIакъуба-къварилъиялъухъ Байранхъиз Булгаевалъе кьуна «1941 – 1945 соназда КIудияб ВатIанияб Рагъул заманалда ракIбацIцIадаб захIматалъухъ» абураб медаль. Доб заманалда гIолилал мусудуз бихьизабураб бахIарчилъиялъе тIадегIанаб къимат кьолаан, гьез тIубалеб борч букIана цIакъго кIвар бугеб.

Рагъдаса хадуб, гIумруялъулги захIматалъулги хIалбихьи щварай Байранхъиз ракълилаб гIумруялде тIадюссана, колхозалда дояркалъун хIалтIизе лъугьана ва коллективалде гъорлъе ккана. КIиго соналдасан гьей лъугьана бищунго цеет1урай дояркалъун. ГIачияздеги гIадамаздеги гьелъул бугеб рокьиялъ кумек гьабуна коллективалда гьоркьой гьей йихьизеги, рикIкIинеги, рагIизеги. ГьитIингоялдаса ругьунаб хIалтIи гьелъ гъираялда гьабулеб букIана.



Колхозалда гьелъ росулел чIахIиял бергьенлъабазул хIакъалъулъ гIемераб хъвалеб букIана районалъул газеталда. Гьай-гьай, машгьурлъиялъе гIетIги дагьаб гуро тIезе ккараб. Жаниб гьури бахъараб, тIох чвахулеб, канлъи гуреб, хинлъи гуреб бокьор кверalъ речIчIулаан гIачи, балаан кIалцIи-хер, бацIцIунаан рак ва гIезарулаан бачал. Риидал магIарда гIачи речIчIун рахьдал бакIал бидонал раччизеги дояркабазде кколеб букIана. Амма, гьей киданиги зигардулароан хIалтIи бакIлъулеб бугилан, кинабго гьабулаан аваданго, ахIулаго кечIгун. Гьединаб гъира-щавкъалъе кумекалъе ратулаан захIматалъулъ росулел чIахIиял бергьенлъаби, кколел лъикIал хIасилал: рахь бечIчIулаан бихьизабуралдаса цIикIкIун, бачал гIезарулаан сахал ва бетIер камичIого.

Харабаз абулеб букIана гьелъул гIачиязулъ цоники хIораб гIакаги букIунарин, рахьги цогидаздаса гьелъул гIачияз цIикIкIун кьолин ва махсаро гьабулаан гьелда кинаб букIаниги балъголъи лъалеб батилилан.

Байранкиз йикIана захIматалъул цеехъан, социалистияб захIматалъул къецазулъ цебесеб бакI кколейлъун. БатIайиса абуни, цIа рекIун хIалтIулей захIматчIужулъун. ГIемерсоназулаб ва ракIбацIцIадаб захIматалъухъ СССРалъул Верховный Советалъул Президиумалъул хIукмуялдалъун гьелъие кьун букIана Ленинил Орденги. Агъул районалда цоги гьединаб щапакъат щварай захIматчIужуги йикIинчIо.

Гьаб нилъер захIматчиясул къимат гьабулареб заманалда Байранхъиз Булгаева гIадинал гIадамал гIемерал ракIалде щвезаризе лъикIаб буго, гIадамазе ва хасго г1ун бач1унеб гIелалъе гIумрудул мисаллъун букIине. Доб заманалда гIицIго лъикI хIалтIи гуребги, гьеб хIалтIул къимат гьабизеги лъалеб букIиндалха. Нилъеда гьединал гIадамал кIочон тезе бегьуларо. КIоченалъе гIайибияллъунги нилъго рукIина, щайгурелъул дол рекьарухъабазул, гIи-боцIухъабазул, ахихъабазул ва цогидазулги захIмат букIинчIебани, нилъер гIумру цебечIезабизеги бажарилароан.

***Заман хисулеб буго, хисулел руго гIадамалги, амма хисулареллъун хутIулел руго рекьарухъабазул ишал. Азарго соналъ цебеги букIараб гьеб росдал г1адамазул хIалтIи – ролъ гIезаби, гIи-боцIи хьихьи, рахь бечIчIи, ахал-хурзал гьари кидаго букIана ва букIина г1адамазе бищун к1вар бугеблъун.***

**Алай НАСРУЛЛАЕВ,**
**Россиялъул журналистазул**
**Союзалъул член**

# Кадрия

Кадрия Темирбулатова – ногайская поэтесса, переводчик (1948–1978) . Родилась в селении Терекли-Мектеб Ногайского района ДАССР. Член Союза писателей СССР
с 1977 года. Первые публикации Кадрии появились в 1965 г. на страницах районной газеты «Степной маяк».
Автор книг «Горы начинаются с равнины», «Тропинка», «Песни юности», «Удивление» и других.
Книга её стихов «Улыбка луны», переведённая на русский язык, удостоена республиканской (ДАССР) премии Ленинского комсомола.

* * *

Горел кизил на фоне белых гор.
Был полон счастьем плод, цветок – тоскою.
Я к высоте стремилась, на простор,
Искала совершенства и покоя.

Искала тайный смысл в своей судьбе,
Боль и восторг во мне сплетались снова.
Но с высоты
Меня манил к себе
Водоворот страдания людского.

Между безлюдьем и людьми найти
Я идеал хотела,
В то не веря,
Что мастеров на жизненном пути
Не сыщешь – есть одни лишь подмастерья.

Казалась мне багряной высота,
Когда в толпе я у подножья стыла.
Взглянула сверху вниз – и суета
Особый смысл мне тут же приоткрыла.

Но маленьких камней напрасный бег
По склонам гор
Давно знаком вершинам:
У первой же преграды он навек
Затихнет, не достигнув середины...

На фоне гор кизил ещё красней,
Деревья скрытны – ни слезы, ни жеста.
В молчанье гор и в суете людей
Ищу секрет
Судьбы и совершенства.

Перевод с ногайского Т. Кузовлевой



Сраждин Батыров. Портрет Кадрии

Марина Анатольевна Ахмедова (Колюбакина) (1952) – народный поэт Дагестана, переводчик, публицист. Автор поэтических сборников, переводов стихов и поэм народных поэтов Дагестана Расула Гамзатова, Сулеймана Стальского, Ахмедхана Абу-Бакара, Анвара Аджиева, Юсупа Хаппалаева, Муталиба Митарова и многих других. Заслуженный работник культуры России и Дагестана. Лауреат государственных премий РД.



*Марина АХМЕДОВА*

## КАВКАЗСКАЯ МАДОННА

Мадонна – ты беженка в чёрном,
В убогих лохмотьях вдова,
Пред ликом твоим чудотворным
Тускнеют любые слова.

Не солнечный нимб над тобою,
А шквал ледяного дождя,
Когда ты озябшей рукою
К груди прижимаешь дитя.

Скажи, по костлявым руинам,
Под дулами бронемашин,
Сквозь лай автоматный и мины
В какой ты Египет бежишь?

Ведь Ирод проклятый повсюду:
В аулах, лесах и горах,
А Господом данное чудо
Лежит у тебя на руках.

Опять от наёмных холуев
Спасти его хочешь тайком,
Но горечь твоих поцелуев
Впитал он с грудным молоком.

И завтра, когда возвратишься
Ты снова к родным очагам,
В душе твоей будет затишье,
А в нём – только гнев и тоска.

Мадонна, прижми его крепче,
От зарева взор заслони,
И русским солдатикам встречным
Как мать на прощанье махни.

В молитве, быть может, последней
Аллаха за них попроси,
И в третье тысячелетье
Дитя от войны унеси.

## ЖЕНЩИНА И МОРЕ

Каждый день эта женщина ходит на мол,
добираясь до самого края,
и стоит там отважно одна среди волн,
восходящее солнце встречая.

И когда вырастает пурпурный цветок
из зелёной черты горизонта,
зачаровано смотрит она на Восток,
опьянев от морского озона.

Долгим взглядом потом провожает баркас,
уплывающий в пламя восхода,
и в мерцающей тьме золотых её глаз
появляется детское что-то.

Что она потеряла и что здесь нашла,
в этом каменном нагромождении валунов,
что сверкают сильнее стекла,
отражая нагие колени?

Но к чему задавать этот странный вопрос,
на который не будет ответа?..
Море лижет ей ноги, как преданный пёс,
и бросает в объятия ветра.

## О НАЦИОНАЛЬНОМ ВОПРОСЕ

*Нине Маркграф и Наталье Лясковской*

Две поэтессы, две мои подружки,
две русские – так, что русей их нет…
На самом деле – немка и хохлушка,
но оттого ещё роднее мне.

А я русачка, надо ж, как ни странно,
вдали от родовых своих корней
давным-давно в долине Дагестана
беспрекословно признана своей.

Аварка я, даргинка и кумычка –
и далее считай до тридцати…
Кавказские наречья и обычаи,
как будто жемчуга держу в горсти.

Мне в этом окружении не грустно
вдали жить от отеческих пенат,
поскольку здесь себя исконно русской
я ощущаю больше во сто крат.

Но иногда такая грусть нахлынет,
что от неё спасенья нет ни в чём…
Не по России, а по Украине,
где спят мои родные вечным сном.

* * *

Выхожу из привычного круга,
раздвигая плечом пустоту.
Ты кричишь мне: – Останься, подруга!
но срывается крик на лету.

И летит, как подстреленный ворон,
на границу меж злом и добром.
Кто ты?.. Муж мой, жених или ворог,
вероломно ворвавшийся в дом?

И зачем неприступные выси
променял ты на зыбкость ветвей,
золотые и чёрные искры
высекая из жизни моей?

Так не спрашивай у пепелища,
что за музыка там, за окном?..
Это ветер забвения свищет
и грохочет возмездия гром.

Зажимая ладонями уши,
поскорей уходи от окна,
чтоб спасти свою бедную душу,
даже если она не нужна.

Только губ моих сжатых движенье
принимать за ухмылку не смей…
Не смеюсь над твоим пораженьем,
над победою плачу своей.

## БАКУ

*«И, качаясь, идут валы от Баку до Махачкалы.»*

*Борис Корнилов*

Баку, Баку,
я не могу
забыть твой синий взор,
ветров твоих утробный гул
и бьющийся на берегу
полотнища костёр.
И гордых кипарисов ряд,
что как дозорные стоят
меж морем и землёй...
И на Девичьей башне вздох
в безвестность канувших эпох
и ханской дочери любовь
увлёкших за собой.
Фонтанов кружево твоих,
изысканное, словно стих
восточный Низами...
И Каспия седую синь,
и шёпот листьев на фарси,
душистый, как жасмин.

Баку, Баку,
я не могу
не бредить о ночах
в гирляндах тысячи огней,
что нефти кажутся черней
и терпкими, как чай.
Я слышу, как гудит Хазар,
разноголосый, как базар,
и тюркский говор, и азарт
в полночной чайхане,
где громко нардами стучат,
из армуду смакуя чай,
бакинцы при луне.

Но вновь каспийские валы
отсюда до Махачкалы
идут, как в тех стихах,
что мы учили наизусть,
выплёскивая страсть и грусть
из сердца впопыхах.
Поэт, что так был знаменит,
теперь уже почти забыт,
исчезнув в бездне лет....
Но позабыть я не смогу
тебя, гранатовый Баку,
и в сердце по тебе тоску
защёлкну, как браслет.



# НИЛЪЕРГО ХАЛКЪАЛЪЕ КЕЧІ АХІИ – ГЬЕБ БУГО ТАЛИХІ

БукIа гьеб классика яги халкъияб, кинаб кечI Исбат БатIалбековалъ ахIаниги,гIадамазул ракIал пана гьарулеблъун буго гьеб  жакъа къоялдаги. Гьелъул гьунаралъе хъат чIвана Германиялъул, Албаниялъул, Финляндиялъул, Монголиялъул, Китаялъул ва цогидалги улкабазул кIуди-кIудиял залазда. Гьелъие Расул ХIамзатовас хъвана, Москваялда Дагъистаналъул искусствоялъул ва литератураялъул фестивалалдаса хадур, гьал мухъал:

ЦIураб ролъул тIоргIадаб,
КучIдуз бечедаб сордо,
Залалда гьаракь буго
Гьай нилъерго Исбатил.

Машгьурай операялъул кочIохъан, ДАССРалъул ва РСФСРалъул Халкъияй артистка, Пачалихъияб премиялъул лауреат, ЗахIматалъул БагIараб Байрахъ Орденалъул кавалер Исбат ХIайдарбековна БатIалбековалъул букIана гвангъараб,аваданаб, ишаздалъун цIар араб гIумру. Гьей хун анлъго сон сверидал, гьаюралдаса 80 сон тIубаялъул юбилеялде,гIумру гьабураб бакI, МахIачхъалаялъул Буйнахъскиясул къотIноб бугеб №6 минаялъул къеда бана мемориалияб хъарщи. Жакъа нижецаги рахъулел руго кочIохъаналъул цо-цо ракIалде щвеял. Дагъистаналъул тIахьазул издательствоялда гьел рахъун рукIана 1963 соналъго.

Эбел-инсуца бицунаан,тIоцебесеб цIолбол бачIин бакIаризе байбихьараб – талихIаб къоялъ гьаюнин дунилан. Эбел-инсуда гьитIинаб къоялдасаго бихьана гIемераб захIмат-гIакъуба. ЦIалиялде хьул лъезе бакIго гьезул букIинчIо. КIиялго гьел хIалтIулел рукIана Лъабабилеб Интернационал фабрикаялда рессарухъабилъун. Нижер хъизаналда гIолеб букIана анкьго лъимер. Гьезда гьоркьой бищунго кIудияй диейин абуни рогьаралдаса рукIкIинегIан рокъоб гьабизе хIалтIи камулароан. Гьединлъидал гьитIингоялдаса лъана дида жавабчилъиги.

ГьитIинго бокьулаан халкъиял кучIдузухъ гIенеккизе, гъира букIана гьел ахIизеги, амма лъиениги гьелъул ургъел букIинчIо. Дир т1алаб гьабизе рег1арав чиго вук1инч1о.

Заман щведал дун ана школалде, гьенисан фабрик-заводалъул лъай босизе. Эбел-инсуца рик1к1унаан дунги гьезулго лъалкIда хадуй ине кколилан. Кун дургъиялъул махщел щведал,дун эбелгун цадахъ аскIоб бугеб цехалде хIалтIизе лъугьана. Бигьаяб хIалтIи букIинчIо гьеб. ГьечIониги фабрикалъул гIумру дие къабуллъана. Гьенир рукIана гIемерал гIолилал ва дун гьелгун гьуинлъиялда йикIана. Гьез дун гIемер ахIулаан клубалде, амма дир умумузе бокьулеб букIинчIо яс гьединал бакIазде хьвадизе, гьеб мунагьаб ишлъун толаан гьез. Кин букIаниги, гьоркьогьоркьоб, гьездасаги балъго, клубалде унаан ва хIинкъуца холаго ахIулаан гьениб хоралда кечI.

30 абилел соназда нижер хъизан биххана. Нижги рехун тун эмен ана ва эбелалъе кумекалъе дун гурони чи вукIинчIо. Доб букIана захIматаб заман, амма лъикIал чагIи камун кидаго букIунеб батиларо. «Ленинил нух» абураб газеталъул бетIерав редактор Абзагир Батыровас, нижер бугеб захIматаб хIалги бичIчIун, дун йосана машинисткабазул курсазде, хадуй радиокомитеталда хIалтIиги балагьана.

Дир искусствоялдехун бугеб рокьиги бихьун, Татам Мурадовичас жинцаго абуна рачIайин хIалбихьизеян. Гьесие къабуллъана дир гьаракьги ва дица байбихьана Радиокомитеталъул хоралда цадахъ кечI ахIизе. Хадуб байбихьана районаздаса ва шагьараздаса дица ахIулел кучIдул рагIизе бокьун бугилан гьариял рачIине. Гьеб мехалда дирго дидаго божи цIикIкIана ва гъира бана кучIдул ахIизе. РакIалде ккана дир кучIдул гIадамазе къабуллъулел ратани, гьел ахIизе лъикIаб махщел къваригIунин ва бичIчIана гьелъие жеги цIализе кколейлъиги.

Байбихьана рагъ, рос ана фронталде, дунин абуни хутIана яс Бариятгун. ЦIализе букIараб анищ тIубачIо. ЗахIматго букIана гIумру гьабизе: лъалеб букIинчIо гIурус мацI, ричIчIулароан нотаби. Гьенибги щвана дие кумек. Кидаго кIоченаро сабуралда ва ракI унтун дида кечI ахIизе малъарал бакъназул устарзаби А. Абрамянц ва XI. XIасанов.

Гьале, яхъана дунги т1оцее сценаялде. Зал занкун цIун букIана. ГIадатияб читил гордилъ йикIана дун, бохдулги квералги дихъ гIенеккулелго гьечIилан кколаан, лъалеб букIинчIо кин гьел лъолел, сценаялда кин чIелей, кин хьвадилеяли. Зал дун кIкIвине хIадурун бугилан кколеб букIана. Бицана цеберагIи ва дица гьаракь биччана. Залалда жаниб лъугьана унго-унгояб сихIкьотIи ва кечI ахIун лъугIидал бахъана чIвалеб кутакаб хьатил сас. Дир гьумер бухIулеб бугилан кколаан, бадиб магIу ххулизе байбихьана. Залин абуни хьудулеб букIана жеги цее ячIаян. Гьеб мехалда бичIчIана дида кечI ахIи унго-унгоги дир иш букIин.

Гьелдаса хадуб, кигIанго захIматал рагъулал сонал рукIаниги, дица хIукму гьабуна консерваториялде цIализе ине. Дагъистаналъул хIукуматалъ дун йитIана Азербайджаналъул пачалихъияб консерваториялде.

КIоченаро радиокомитеталъул музыкалияв руководитель Петр Фёдорович Проскуриница дир гьабураб тIалаб, диде кьураб кIвар. Гьес кIудияб хIаракат бахъана дун цIализе лъугьиналъе ва экзаменаздаги гIахьаллъана. Дол соназда Азербайджаналъул тIадегIанаб бакъназул школалъе нухмалъи гьабулеб букIана СССРалъул халкъияв артист ГIузаир XIажибековас. Заман индал лъана дида ГIузаир ГIабдул-XIусейновичасул тухумалъул кьалбал Дагъистаналда рукIин…

Дун консерваториялде йорчIарайлъи лъарабго П. Проскурин данде вачIана ва квергун бачун абуна: «Дуда лъалароха, Исбат дуда батараб талихI. Мун йиго гьитIинаб миллаталъул яс ва тIоцебе музыкалияб тIадегIанаб лъай щвезесей мугIрул гIолилай».

Байбихьана цIали. Бигьаго букIинчIо. ЦIализе захIмалъи гуребги дие гIолеб букIинчIо гIарацги. КIиабилеб курсалда дунги гьитIинай Бариятги захIматго унтана. Дида ургъел ч1вана ва: «Сундуе дие цIали, лъимада гьаб кьоги бихьизабун, рехун гьабги тун, рокъое тIадюссина», - япикру гьабуна. Амма коллективаль течIо. Гьез дие кьуна секретарь-машинисткаялъул хIалтIи ва ясалъе ясли-ахикь бакI гьабуна. Сундасаго кIудияблъун гьеб заманаялда дие букIана дие «кочIолай эбеллъун» ккарай гIурус чIужугIадан Маргарита Александровнаялъ гьабураб кумек. КидагIаги ва лъилгIаги бихьун букIинчIо дидехун гьединаб тIалабги хинлъиги.

Рагъул соназда студентаз цIалиялда цадахъго концерталги кьолаан театразда, заводазда, вузазда, школазда, госпиталазда. Нижеца гьел соназда кьуна нусгоялдаса цIикIкIун концерт.

1945 соналъ азербайджаналъул операялъулгун балеталъул театралда цебе рагьана операялъулаб студия. Дида лъалеб букIана кочIохъаналъе, гIицIго лъикIаб гьаракь букIин гуребги, сценаялъулаб махщелги хIажалъулеблъи.

Консерватория лъугIидал дун йихьизаюна бищунго лъикIал солистал – студентазда гьоркьой. Рес щвана ва гъира букIана операялъул кочIохъанлъун яхъинеги, амма 1949 соналъ дун Дагъистаналде тIадюссана. XIалтIизе лъугьана Дагъгосфилармониялда солисткалъун ва байбихьана музыкалияб хIаракатчилъи.

1950 сон букIана хассаб. ДАССРалъ 30 сон тIубай ккана тIолабго улкаялъул байрамлъун. Москваялда тIобитIана Дагъистаналъул искусствоялъул мастеразул декада. Ниж цере рахъинчIеб бакIго хутIичIо – Чайковскиясул залалдаги, советияб армиялъул Централияб КIалгIаялдаги, цогидал бакIаздаги москвичаз ниж лъикI къабул гьаруна. Дагъистаналъул искусствоялъул махщелчаг1азда гьоркьой дие щвана «ЗахIматалъул БагIараб Байрахъ» орден ва гьединго кьуна «ДАССРалъул мустахIикъай артистка» абураб цIарги.

1951 соналъ советияб делегациягун цадахъ дица гIахьаллъи гьабуна ТIолгодунялалъул гIолилазул лъабабилеб фестивалалда. Берлиналде рачIун рукIана 104 улкаялдаса вакилзаби. Дица гьенибги кечI лъарагI мацIалда ахIана, амма гIенеккаразда дун йичIчIулей йикIана, гьеб фестиваль ракълил, захIматалъул ва гьудуллъиялъул хIакъалъулъ букIиналъ. Фестиваль лъугIун хадуб советияб делегациялъ чанго концерт кьуна Бакъбаккул Германиялда – Подстамалда, Дрезденалда. Гьенирги ниж гъираялда къабул гьаруна.

Гьеб соналъ дие щварал шапакъатазда гьоркьоб бищунго къиматаблъун букIана Сталинил премия. Рохелалъе гIорхъиги букIинчIо, «Исбат БатIалбекова ккола гьеб т1адег1анаб премия щварай тIоцеесей муг1рузул яс. Гьей, гьунарги тIокIай,роцIараб гьаракьги бугей, сценаялъул культураги лъалей кочIохъан, цохIо Дагъистаналда гурейги, гьеб бахун къватIийги машгьурлъана…» абун газеталда цIалидал.

Дирго халкъалъе кечI ахIизе щвей гIадинаб талихI дир гьечIо. Дихъе улкаялъул батIи-батIиял бакIаздаса кагъталги рачIуна.Гьединго гIемерал руго ракIалда чIчIарал къватIисел улкабазде гьарурал сапаралги: Монголиялде, Финляндиялде, Китаялде. Газетаз щибаб соналъ кьолаан нижеца гьарурал сапаразул хIакъалъулъ баянал.

Амма, артистасул нух гIицIго битIккеялги лъикIал дандчIваялги гуро. Гьел кидаго хIалтIизе ккола жидедаго тIад. КечI махщалида ахIи – бигьаяб иш гуро. Жидедаго тIад хIалтIулаго кидаго рукIине ккола цIияб балагьулел ва лъазабулел. Кидаго цIилъизабизе ккола репертуар.

Дица гьаб кинабго бицана советияй чIужугIаданалъе ругел гIатIидал ресал рихьизаризе гIоло. Аслияб жо буго нилъерго гьунар бати, тIатинаби. ВатIаналъ гьеб цебетIезабиялъе киналго нухал рагьизе руго.

**XIадур гьабуна ГIалав ГIАЛИЕВАС**


Андрей Забожанов. Портрет Ханбиче Хаметовой

Ханбиче Шихрагимовна Хаметова (1938). Народный поэт Дагестана, член Союза писателей СССР, член Правления СП России. Награждена Орденом Дружбы. Редактор детского журнала «Соколенок». В 1964 году вышла в свет её первая книга стихов на лезгинском языке «Узоры дум». За годы творчества издано около сорока сборников стихов и поэм.

*Ханбиче ХАМЕТОВА*

# Хазранский родник

Хазранский родник, я к тебе припадаю
Лицом, опалённым невзгодами лет,
И вижу, как женщина немолодая
Из глуби прозрачной смеётся в ответ.

О, боже, мы с ней как две капли похожи –
Как юность и зрелость, как радость и боль…
Но, может быть, только она помоложе
За плотной завесой воды голубой.

Поменьше печали в глазах лучезарных,
В устах приоткрытых – побольше огня…
Хазранский родник, я тебе благодарна
За то, что ты прежнею помнишь меня.

И пусть мою юность, как лодочку в море,
Однажды теченье твоё унесло,
Но в жизни не раз еще с бурей поспорит
Моё золотое от солнца весло.

И если смогу, расскажу я об этом
В звенящей, как летнее утро, строке.
Хазранский родник, ты хрустальным браслетом
Украсъ мне запястье на правой руке.

Чтоб снова пахнуло из прошлого мятой.
Горячим чуреком, парным молоком,
И детство, умчавшееся без возврата,
Как сын, прибежало назад босиком.

Хазранский родник, я опять возвратилась
Послушать твой говор, склонясь над водой.
А ты, синеокий, скажи мне на милость,
Какие долги не оплачены мной?

Какие ошибки другим не простила,
Позволь мне увидеть в твоей глубине,
Какие обиды в душе затаила,
Как острые камушки пряча на дне?

Хазранский родник, мой кувшин переполнен
И горькой водою, и сладкой как мёд.
И все же ты вновь мне о долге напомни
И доме аульском, где мама живёт.

А я расскажу тебе длинную повесть
О городе яростном, будто река…
И пусть потускнел твой серебряный пояс, –
В нём влаги довольно ещё на века.

Ведь как драгоценные камни сверкают
Холодные капли на пальцах моих,
Хазранский родник, из тебя вытекает
Не только река, но и каждый мой стих.

Не знаю, что в жизни со мною случится,
Но родина, как талисман, от беды
Меня сбережет и позволит напиться
Мне досыта этой студеной воды.

# Баллада о травяном чуду

Сноха нахмурилась, как ночь:
– Опять с травой чуду?..
Поморщилась и вышла прочь –
Искать себе еду.

И в тот же миг больной рукой
С крестьянского стола
Свекровь нехитрый ужин свой,
Смутившись, убрала.

И села робко у окна,
С собою говоря:
– Ах, доченька, ты нам мила,
Как красная заря.

Что оживила старый дом
И сына, и меня –
Малыш твой радуется в нём,
Бубенчиком звеня.

Он имя деда воскресил
И счастье нам принёс…
…Да, жаль, у бабки мало сил,
Рука болит до слёз.

А раньше я, тебе под стать,
Красавицей была
И до утра могла не спать,
Варила да пекла.

Но сгинул муж мой под Москвой,
И в дом пришла беда –
Тогда единственной едой
Нам стала лебеда.

И поднимала не гулять
Я деточек чуть свет,
А мяту с щавелем искать
На завтрак и обед.

Слезами сдабривая суп,
Однажды зимним днём
Я выменяла на тулуп
Мешочек с ячменём.

Бросая горсточку в котёл,
Я напевала вслух,
Чтоб от моей похлебки шёл
Сытнее хлебный дух:

– Варись, ячменное зерно,
Разбухни от воды,
Ведь мы такой давным-давно
Не видели еды.

Ударит вешняя гроза,
Зазеленеет луг,
Укроп, петрушка и кинза
Появятся вокруг.

Не плачьте, детки, хватит сил
Нам зиму перенесть –
Черешню, сливу и кизил
Мы снова станем есть.

А если нам Аллах пошлёт
Когда-нибудь муки,
Я стану печь вам круглый год
С травою пироги.

Ах, чудо будут те чуду –
Румяны, как заря,
Как наши яблоки в саду
В начале сентября.

Пусть каждый до отвала ест
Тогда стряпню мою,
Пока ему не надоест,
Бай, баюшки-баю…

И опускалась тишина –
Желанная пора,
А горсть ячменного зерна
Варилась до утра.

И дети видели во сне,
В болезненном бреду,
Что наступил конец войне
И полон дом чуду.

С тех пор, невестушка моя,
Прошло немало лет,
А те чуду готовлю я
На завтрак и обед.

Их любит сын и любит внук, –
Приди же – посмотри –
Как солнышко, румяный круг
На скатерти горит.

Перевод с лезгинского
Марины АХМЕДОВОЙ-КОЛЮБАКИНОЙ

# Сцена дие къисматалъ сайгъат гьабуна



Рагъул лъималазул анищ букIана, КIудияб ВатIанияб рагъ лъугIун хадуб, цоял врачаллъун, цоял учительзабилъун рахъине, гIемерисел ясазе бокьун букIана артисталлъун рукIине. Васазе – рагъухъабилъун, ралъдахъабилъун, летчикаллъун. Россиялъул ва Дагъистаналъул халкъияй артистка Асият Кумратовалъулги букIана лъимерлъудаго зобалазда йоржанхъине анищ.

Советиял ясаз, гIисинал самолётаздаги роржанхъун, кутакал хIинкъаби кьолел рукIана немцазул бергьун цIикIкIараб махщел бугел летчиказе. Доз гьазда "Сардил хъартал", - илан цIар лъун букIана. Гьез самолётазда гьарурал бахIарчиял ишазул фронталъул газетаздаса цIалун хадуб, Асиятица хIукму гьабуна самолёталда йоржине ва парашютгун кIанцIизе. Самолёталъул штурвалалда нахъа йигеб хIисабги гьабун, гIолохъанай Асиятица борхалъудеги ялагьун ахIулел рукIана зобалазде, ракьалде, бахIарчиял рагъухъабазде гьарурал некIсиял нугъаязул кучIдул.

Асият Кумратовалъул исана буго юбилей – 80 сон. Гьей гьаюна, битIун рагъ байбихьилалде цее I94I соналъ, Карачаево-Черкесиялда Тохтамыш (гьанже Икон-Халк) абураб росулъ, Кумратовазул кIудияб хъизамалда. Кумратовазул микьго лъимералъул щугоял гурони чIаго хутIичIо. Асиятил эмен Сулейман вукIана рагъул гIахьалчи. Гьесул 42 сон букIана КIудияб ВатIанияб рагъ байбихьараб мехалъ. Гьев вагъана пехотаялда, тана лъелго кинабго Берлиналде щвезегIан бугеб нух, ккана асирлъуде ва тIадвуссана I948 соналъ. Эбел Муслимат йикIана кверда махщел бугей гIадан, устар, гIажаибай юкъарухъан ва росулъ бищун лъикIай кочIохъан. Колхозалъул хIалтIудаса эркенаб заманаялъ эбелалъ, эмен сах-саламатго тIад вуссагийилан, хъвалаан кучIдул ва ахIулаан лъималазе. Эбелалдаса

щвана Асиятие къуватаб, берцинаб гьаракьги гІорхъи гьечІеб музыка бичІчІиги. Щуялго лъималазда гьоркьоса Асият йикІана бищун гьаракь кІудияй. Росуцояз гьелда булбулин абулаан. КІудияб сценаялде Асият Кумратова ячІана росдал клубалдаса. Дагтелерадио "Дагъистан" компаниялъул солистка йикІаго Асият Кумратовалъ ахІарал гІемерисел кучІдулги рукІана гьелъул эбелалъул кучІдул.

Ракълилаб заманалъги ракІарулаан Кумратовазул рокъор росуцоял, ахІулаан кучІдул, рицунаан Мамай-ханил, Насрудин-ханил ва цогидал бахІарзазул хІикматал харбал, биценал.

І957 соналъ І6 сон барай Асиятица гІахьаллъи гьабуна Москваялда букІараб литератураялъул ва искусствоялъул Декадаялда ва Карачаево-Черкесия Россиягун цолъун 400 сон тІубаялъул тадбиралда. Доб мехалъ Кумратовалъе щвана РСФСРалъул Верховный Советалъул ХІурматалъул грамота. Гьебго соналъ гьелъ байбихьана радиоялда нугъаязул мацІалда кучІдул ахІизе. Гьенисан хІалтІизе ахІана Карачаево-Черкесазул кечІ ахІулезул ва кьурдулезул ансамблалде. Чанго соналдасан Асият Кумратова ячана Кабардино-Балкариялъул ансамблалде. Гьениб гьелъул къисмат тІубанго хисана – дандчІвана дагъистаниявгун.

ГІолохъанаб хъизан І960 соналъ гочана Дагъистаналде ва гІумру гьабулеб букІана ГІахъуш районалда, хадур рахъана МахІачхъалаялде. Кьварарав росас кечІ ахІизе гьукъулеб букІана. Рос-лъади хис-хисун ккурал квартирабазда гІумру гьабулел рукІана. Асият Сулеймановалъ абухъе, гьайги росги рукІана батІи-батІиял сервизаздаса чашкаби. ЛъагІалидасан ригьин биххана ва Асият вас ГІалигун жийго хутІана. ГІолохъанай кочІохъаналъ хитІаб гьабуна Даггосфилармониялда цебе бугеб Дагъистаналъул кочІохъабазул ва кьурдулезул ансамблалъул нухмалъулезде. ГьебсагІатго йосана хоралъул солисткалъун ва Асият І7 соналъ хІалтІана гьеб коллективгун.

КочІохъан кІиабилеб нухалъги ана росасе ва гьаюна яс Гульнара. КватІичІого гьей ахІана ГТРК-ялъул "Дагестан" хоралде. Гьеб ккола Дагъистаналъул пачалихъияб хор. Гьеб коллективалда Асият Сулейманова хІалтІулей йиго жакъа къоялде щвезегІанги.

КинабгІаги музыкалияб училище яги вуз лъугІичІониги, Асият Сулеймановна лъугьана профессионалияй кочІохъанлъун. Жиндирго творчествоялъ Кумратовалъ машгьурлъизабуна нугъаязул музыкалияб культура ва тІоцебе халкъалда цебе І4 гІасруялъул "Эдиге", І6 гІасруялъул "Шора Батыр", І7 гІасруялъул "Казтувган Суьюниш Улы" ахІана. Сипат гьабун абуни, гьарзаго щвараб Дагъистаналъул гІемермиллатазул музыкалияб маданияталъул гІурулъе рекъон жубана Асият Кумратовалъ ахІулел нугъаязул кучІдузул бацІцІадаб лъарги. Дагъистаналда Асият Кумратовалъ гьале 60 соналъ ахІулел руго нугъай, лъарагІ, карачаевазул ва гІурус мацІалда жиндирго халкъалъул кучІдул. Гьелъул творчествоялда буго 500-ялдаса цІикІкІун кечІ.

***І98І соналъ Италиялда Европаялъул миллиял бакъназул фестивалалда гІахьаллъун хадуб Асият Кумратовалъе кьуна Дагъистан АССРалъул мустахІикъай артистка абураб цІар. Хъвадарухъан ГІиса Капаевас доб мехалъ хъвана: "КигІан гІемераб жо чиясда гьабизе кІолеб бугеб жиндирго халкъалъе. Дагъав чиясда гурони лъалареб нугъаязул кучІдузул дунял Асият Кумратовалъ дунялалдаго рагІизабуна", - ян.***

І987 соналъ ГТРК-ялъул солистазул группагун "Лезгинка" ансамблялда цадахъ Асиятица гІахьаллъи гьабуна ГДРалъул 24 шагьаралда тІоритІарал концертазда ва жеги чанго СЭВ-алъул хІукуматалда. І994 соналъул декабралда Асият Сулеймановнаялъухъе Карачаево-Черкесиялдаса бачІана телеграмма "Россиялъул Халкъияй артистка" абураб цІар баркун. Хадуб Дагъистаналъул Госсоветалъул шапакъатал кьолеб отделалдаса лъазабуна цІар щвезе Москваялде ине кколин.

Артистал Римма Маркова, Владимир Этуш, комментатор Николай Озеров, спортсменазда ва цогидал цІар рагІарал чагІазда цадахъ, Кремлялъул Георгиевский залалда Асият Кумратовалъе щвана Россиялъул Халкъияй артистка абураб тІадегІанаб цІар. Гьезие шапакъатал кьуна цеве вукІарав президент Борис Ельциница. Гьениб кІалъаялда Асият Кумратовалъ абуна, Россия кІудияб пачалихъ букІине рес буго халкъазда гьоркьоб цолъи цІунизе кІвани ва цо куплет кечІ ахІана нугъаязул эпосалдаса. Гьелъ кІудияб асар гьабуна Ельцинийе. Щайин абуни, гьел къадазда тІоцебе рагІулеб букІуна кечІ.

Асият Кумратовалъ кучІдул ахІана гІадатиял нугъаязе – комбайнеразе, хурухъабазе, боцІухъабазе. Гьей концертал кьезе щолаан Дагъистаналъул бищун рикІкІадал бакІазде. Асият Сулеймановнаялъул руго гІемерал унго-унгоял гьудулзаби, пиша цоязда гьоркьор гурелги.

Гьелъул жанахІалъуб бугеб суратализда, дагьабго гьимулеб гьурмадаса нилъехъ ралагьун руго чІегІерал, чІахІиял, берцинал берал. Сонал аниги гьей йиго черхолъ рекъарай, берцинай ва рекІелъ гІолохъанлъи цІунарай гІадан.

***Жакъа Асиятил рукъ рокьулги, гьуинлъиялъулги, парахалъиялъулги, ресалъулги цІун буго. Асият Кумратовалъ кинабго жиндир гІумру бокьулеб пишаялъеги, жиндир халкъалъеги, Дагъисталъеги, нилъер кІудияб пачалихъ Россиялъеги гІоло тІамуна.***

**Виолетта РАТЕНКОВА**



Умурахил Шапиева (1924–2000) – даргинская писательница. Родилась в селении Аймаумахи Сергокалинского района ДАССР. Работала редактором даргинского выпуска журнала «Женщина Дагестана». Первая книга рассказов У. Шапиевой «С любовью сердца» вышла на даргинском языке в Дагестанском книжном издательстве в 1963 году. В последующие годы в дагестанских издательствах вышли другие повести и романы У. Шапиевой. За роман «Филлоксера» У. Шапиева в 1998 году была удостоена Государственной премии Республики Дагестан.

Умурахил ШАПИЕВА

# «Сердце земли»

*(Отрывок из романа)*

Почему эта всем известная гора называется Шахри-Мирза, Марьям впервые услышала от учителя истории. Было ей тогда лет тринадцать, но рассказ о судьбе влюбленных настолько взволновал ее, что помнила она его слово в слово. Учитель говорил тихим голосом, но так, словно был очевидцем. Временами голос его даже дрожал, и Марьям обмирала в ожидании развязки. А перед глазами все стояла спускающаяся к прозрачному роднику с высоким медным кувшином на плече Шахри: летящая походка, красивый наряд, серебряные бусы на белоснежной шее...

Рассказывал он лишь однажды. Позднее, сколько бы они, мальчишки и девчонки, ни просили повторить, учитель в ответ только улыбался и смущенно пожимал плечами: видно, слишком близко к сердцу принимал он эту историю, чтобы возвращаться к ней снова и снова...

...Шахри выросла в крестьянской семье. Родители в девочке души не чаяли. Была она на редкость красивая, белолицая, краснощекая, что тебе яблочко, созревшее на солнечной стороне. Яркий румянец не сходил с ее лица.

Когда Шахри подросла, мать, пуще всего боявшаяся сглазу, запретила ей бегать с подружками. Девушка одна в ранний час спускалась с кувшином к роднику. Она не могла оторвать глаз от восходящего солнца, от золотящихся под его первыми лучами каменных утесов, горных вершин, с нежностью вслушивалась в тихое журчание хрустальной воды.

Но как только раздавалось блеяние овец, Шахри хватала кувшин и летящей походкой устремлялась прочь, не в силах унять сердце. Боялась, что молодой пастух Мирза увидит ее сияющие влюбленные глаза.

Однажды настал день, когда мать лишила девушку и этой радости, решив выдать замуж за нелюбимого.

Шахри теперь и к роднику не пускали, готовились к свадьбе. А девушка видела перед собой только

Мирзу. В бешмете из домотканой шерсти, туго обхватывавшем талию, и в неизменной белоснежной папахе со свисающими сосульками ягнячьей шерсти. На ногах простые чарыки. Из-под прямых бровей на нее устремлены черные глаза, в них алмазные искры. Эти глаза встречали и провожали ее каждое утро. А как он играл на свирели!

И брызжущие лучи утреннего солнца, и тихо звенящий родничок, и глаза любимого наполняли ее душу такой радостью, что хотелось петь. Но разве могла девушка позволить себе петь во весь голос, так, чтоб услышал ее голос любимый?

И все-таки Шахри вымолила у матери разрешение в последний раз сходить к роднику. Мать позволила ей это, видя, как печальна дочь.

Любуясь красавицей дочерью, ее длинными косами, спускавшимися до колен, мать думала про себя: «Ничего, стерпится – слюбится. Примирится с судьбой. Чем хуже ее жених любого из аульских парней? Станет верной и послушной женой своему мужу, как была до сих пор верной и послушной дочерью».

Шахри, набирая воду в кувшин, не торопилась убирать его из-под струи. Заливаясь слезами, она подставляла под нее руку; то набирала полную ладонь, то просто перекрывала струю. И шепотом изливала роднику свое горе: «Что мне делать? Узнала я, что такое любовь, и как теперь жить мне без нее? Как повернуться лицом к нелюбимому, который смотрит на меня, точно коршун на добычу? Горы мои родные, солнце мое золотое, помогите. Продают меня за богатство. О Мирзе и слышать не хотят, беден он, всего-навсего пастух. Но в чем же вина его?..»

Поставив полный кувшин рядом с родником, Шахри повернулась к самой высокой горной вершине, ее раньше других ласкали лучи восходящего солнца. Она мысленно прощалась с любимым, с которым не успела и словом обмолвиться, которого и рукой не коснулась. И вдруг побежала, приподняв с обеих сторон платье, чтоб не намокло от утренней росы. Вскоре она уже была у подножия горы. Стала взбираться. Ей хотелось достичь этой вершины, оттуда рукой подать до звезд. Вдруг всемогущий аллах смилостивится над ней, превратит ее в звезду, тогда она каждый день сможет видеть любимого, слушать мелодии его души...

Не понимая, что происходит с девушкой, с тревогой в сердце следил за ней пастух, пока не исчезла она из виду. Ждал, что она вот-вот вернется. Ведь кувшин стоял у родника. Но девушка не появлялась. И Мирза, бросив ягнят, пустился за ней.

Гора была изрыта множеством селевых потоков и испещрена таким же множеством тропинок. Какую из них выбрала Шахри, пастух не мог разгадать. И остановился на самой крутой. Тропа не поддавалась, сопротивлялась ему, он становился на четвереньки и упорно лез в гору. Хватался за каждый кустик, за каждый выступ, за каждый камень. Малейший шорох заставлял его вздрагивать, думать о том, что где-то здесь, за каким-то из камней, притаилась Шахри и вот сейчас даст о себе знать. Может, она нарочно выставляет на дороге камни, чтобы ему легче было идти?

Мирза упрямо поднимался вверх, то и дело оскальзываясь и падая. Когда он достиг вершины горы, солнце поднялось уже высоко. Дух захватывало от этой высоты, здесь гулял ветер и величаво парили орлы. Мирза решил поиграть на свирели, может, Шахри откликнется? Но разволновался и закричал:

– Шахри, где ты? Отзовись! Я пришел за тобой!.. В ответ он услышал только: ой-ой-ой. Уже не помня себя, повторял одно и то же, и каждый раз гора возвращала его же слова.

Мирза испугался. Его била дрожь. Вдруг у самого обрыва на одном из кустов он увидел белый гулменди – тонкий шелковый платок. И похолодел от ужаса: девушка бросилась в пропасть. Схватил гулменди и, закрыв им лицо, бросился вслед за любимой. Летел в пропасть, как птица с подрезанными крыльями.

С тех самых пор и стали называть эту гору Шахри-Мирза...

Закончив рассказ, Марьям перевела дыхание, совсем как учитель когда-то. От нее не ускользнуло, что грустная история влюбленных не произвела впечатления ни на детей, ни на мужа. Может, не умела она говорить столь проникновенно, находить доходящие до каждой души слова, как это умел их старый учитель. Ведь она помнит, как переживала за судьбу юных влюбленных, несколько дней ходила сама не своя, даже ночами просыпалась с мыслью о них.

Кажется, теперешних детей подобными рассказами не удивишь.

– Похоже на сказку. Да так оно и есть, – только и сказала дочь.

Сын-четвероклассник, даже не дожидаясь вопросов матери, заявил:

– Выдумки это. Чего только не придумают! А ее второклассник выразился и того хлеще:

– Дурак этот Мирза. Из-за какой-то девчонки в пропасть бросился.

Тогда Марьям обратилась к мужу:

— А ты чего молчишь? Тоже так думаешь? Ильяс, лежавший с прикрытыми глазами, открыл их, посмотрел с улыбкой на жену и сказал:

– Я думаю не об этом, а о том, что если не отделю рой в оставшемся улье, то он тоже сорвется с места.

«И он слушал меня вполуха,– с грустью подумала Марьям. – Или вовсе не слушал. У него только пчелы на уме». А вслух сказала:

– Может, все-таки не пойдешь искать пчел? Оставил бы ты эту затею. Известно ведь, какие они злые, когда вырываются на волю. Не дай бог, набросятся и начнут жалить. Да что я тебя учу, и сам не хуже меня знаешь.

– Из всех живых существ, – сказал полушутя-полусерьезно Ильяс,– только пчелы погибают, вонзив в кого-нибудь жало. Вот бы так было с людьми, которые отравляют жизнь другим. Ужалил – погибай! Сразу бы все научились жить в мире да согласии.

Перевод с даргинского М. Даибовой.



Зумруд Гаджи-Курбановна Ханмагомедова (1915–2001) – первая табасаранка, получившая высшее образование, а также первая табасаранская поэтесса. Правнучка крупнейшего учёного-историка, просветителя дореволюционного Дагестана Гасана Алкадари.

*Зумруд ХАНМАГОМЕДОВА*

## Кружево лучей

Если б только вязать я могла,
Из лучей кружева бы ткала,
Чтобы солнце на женских плечах
Засияло, как тёплый очаг.

Спряла я бы из облака нить,
Чтобы светлой судьбой одарить
Наших девушек – пусть никогда
Их сердец не коснётся беда.

Ярких звёзд золотую пыльцу,
Что так юным невестам к лицу,
Тёмной ночью бы я собрала,
Чтоб любовь их не ведала зла.

Попросила бы я у небес,
Чтоб земли нашей недуг исчез…
День и ночь я ткала бы платок,
Чтоб мой труд исцелить её смог.

## Соловей

В цветущем саду твоя песня слышна,
Как добрая весть, что настала весна!
С надеждой стою у раскрытых дверей,
Мечтая увидеть тебя, соловей!

Чудесной весны благодать я люблю
И трепетно сладкие трели ловлю.
Ашуг, убирай свой чунгур поскорей –
Никто не сравнится с тобой, соловей!

Тебя обо многом не смею просить,
Одну лишь мне песню прошу посвятить,
Чтоб нежный твой щебет средь грубых ветвей
До самой души долетел, соловей.

Сгоревшему сердцу несчастной Зумруд
Позволь насладиться им пару минут.
Хоть лет уже кануло столько и дней,
Судьба неизменна моя, соловей!

*Перевод с табасаранского*
*Марины Ахмедовой-Колюбакиной*

* * *

С фотографии, любимый, нежно смотришь мне в глаза ты –
Как живой, и слёз горючих удержать я не могу.
В грозной битве за отчизну жизнь отдавшего солдата
Образ светлый, незабвенный вечно в сердце берегу.

Раны старые с годами открываются порою,
Но бывает – непрестанно рана свежая болит.
Если молодость теряет всё, что ей дано судьбою,
То ничто на белом свете эту боль не исцелит.

Пережив весну и осень, холод старости встречая,
Саду зимнему не нужно понапрасну расцветать.
Жить минувшим бесполезно и, в былое возвращаясь,
Невозможного желая, жизнь не стоит искушать.

Отгремят над миром грозы, встанет радуга над полем –
Разве можно радость жизни нам изведать без утрат?
На твоё, любимый, фото я смотрю теперь без боли –
Память радугой весенней освещает мой закат.

* * *

В дни, когда несёшь по жизни ты любви святое бремя,
Сердце пламенем пылает, виден смысл в твоей судьбе.
А когда большому чувству догореть приходит время,
Ты к Всевышнему взываешь, чтобы Он помог тебе…

Дерево, что я взрастила, не давало урожая,
И срубил его садовник беспощадным топором.
Сердце горестно рыдало, от тоски изнемогая,
Только дерево упало без надежды на добро.

Ветки с дерева срубили, стан цветущий раскололи,
И надежду на спасенье истребили у него.
В жарком пламени полено тяжко корчилось от боли,
В печке дерево сгорело, не осталось ничего.

О, садовник неразумный, что наделал ты, жестокий?!
Много лет ведь украшало это дерево твой сад!
Нынче дерево сгорело, ты остался одиноким,
И теперь уж невозможно ничего вернуть назад.

*Перевод с табасаранского Ивана ГОЛУБНИЧЕГО*

**Халкъги хъуйги гIемераб Москваялда, Белорусский вокзалалдаса рикIкIад гьечIеб бакIалда буго Клара Власовалъул мастерская. Дунялалда цIар тIибитIарай Россиялъул мустахIикъай художница, СССРалъул художниказул Союзалъул член, Кларал нусгоялдасаги цIикIкIун суратазул цебелъей тIобитIана. Москваялда гьаюрай ва гIурай гьелъ жий дагъистанияйлъун рикIкIуна. Художникалъул хIалтIаби цIунун руго дунялалъул бищунго къадруял музеязда, Россиялдаги, гьеб тун къватIисел улкабаздаги (Япониялда, Чехословакиялда, Германиялда, Франциялда, Италиялда) хасал бетIергьабахъ. Художница гьаюна 1926 соналъ. ЛъугIана Москваялъул пачалихъияб Суриковасул цIаралда бугеб институт. Клара Власова ккола Москваялъул мустахIикъай художник, Дагъистаналъул мустахIикъай художник, "Знак Почёта" орденалъул кавалер.**



# Клара Власовалъул ЧIохъе нух

ГьитIинай Клараца гIумру гьабулеб букIараб коммуналияб квартираялъул гордухъан бихьулаан Кремль. Гьелъул суратал рахъулаан гьелъ. РакIалде ккола гьей кодоб кистгун гьаюн ятилилан.

– Аза-азар кисточкаби хвезаруна дица, – ян ракIалде щвезабуна Власовалъ. –ГIемерисеб мехалъ дир мастерскаялда гьел рукIуна кIудияб вазаялда жанир тIугьдузул кваცIи гIадин. ГьитIинаб мехалъ дие фехтование бокьулаан, кколаан цересел бакIал, гьесулей йикIана физкультуралъул институталде лъугьине, амма тIаса бищана суратал рахъи ва киданиги гьелдаса ракIги бухIичIо.

Гьелъул кIудияб мастерскаялда цIунун руго азаргоялдаса цIикIкIун сурат, амма гьениб лъабгоялдаса цIикIкIун чи жанив чIезе бакI гьечIо. ЦIикIкIарасеб бакI кколеб буго Дагъистаналъе сайгъат гьабурал хIалтIабаз. – Дида лъала щибаб сурат бахъараб бакI, заман ва мастерскаялда кинаб полкаялда гьеб бугебали. КIола бокьараб батизе, – ян чIухIун бицана Клара Филипповналъ. – Искусство сабаблъун дие ракI-ракIалъ бокьана Дагъистан ва лъугьана гьелъул бутIалъун. Дунялалда руго гIемерал берцинал бакIал, амма Дагъистан лъугьана дие унго-унгояб гIагараб рукъалъун. Дун тIутIулей йиго Москваялдаги Дагъистаналдаги гьоркьой. Дагъистан буго берцинаб, беричаб, кутакалда хIеренал, рагьарал, цIодорал гIадамал ругеб регион. Дагъистан дие рагьана, кIочон тезе кIоларев, мунагьал чураяв дир рос ва махщел цояв, ГIумар Ефимовас. Дие бокьула ва лъала доб рагъдаса хадусеб Дагъистан – XX векалъул кIиабилеб бащалъиялда гIемерал кIудияб гьунаралъул хъвадарухъабиги, поэталги, композиторалги,

**Женщина Дагестана**

**5/2021**

**На аварском языке**

**Учредитель:**

Министерство информации и печати Республики Дагестан.

**Главный редактор**

Н. М. КЕРИМОВА

e-mail: J-dag@mail.ru

**Редакционная коллегия:**

**заместитель главного редактора**

А. Ю. АБДУРАХМАНОВА,

e-mail: delia25@mail.ru

**ответственный секретарь**

С. Х. БУЛГАЕВА

**редактор русского выпуска**

Г. Х. АСАДУЛАЕВА

**редактор аварского выпуска**

Б. Ш. МУХИДИНОВА

bahu4y@mail.ru

**редактор даргинского выпуска**

П. Г. ВАГИДОВА

**редактор кумыкского выпуска**

П. Х. ХАЙБУЛЛАЕВА

**редактор лезгинского выпуска**

Н. Н. ИБРАГИМОВА

e-mail: shikhnabieva1981@mail.ru

**редактор лакского выпуска**

З. Т. АБДУРАХМАНОВА

**редактор табасаранского выпуска**

С. М. ИСРАФИЛОВА

**Корреспонденты:**

Э. ИБРАГИМОВА,

А. ТАЖУДИНОВА,

В. РАТЕНКОВА.

**Заведующий редакцией**

С. М. ГАМЗАТОВА

**Художественный редактор**

Г. А. КУРБАН-АДАМОВА,

e-mail: guleymat@mail.ru

**Адрес редакции и издателя:**

367018, Республика Дагестан,

г. Махачкала, пр-т Насрутдинова, 1а.

e-mail: j-dag@mail.ru

**Журнал отпечатан в типографии:**

ГАУ РД Издательский дом «Дагестан».

**Телефоны редакции:**

65-00-36, 65-00-37, 65-00-39, 65-00-40.

**Официальный сайт журнала «Женщина Дагестана»: женщинадагестана.рф**

Сдано в набор 06.09.2021.

Подписано в печать 17.09.2021.

Формат бумаги 60 x 841/8.

Объем: 5,5 печ. л.

Заказ № 0903. Тираж (3368) 553 экз.

Журнал для семейного чтения. Издается с 1957 г. Выходит на аварском, даргинском, кумыкском, лакском, лезгинском, русском, табасаранском языках один раз в два месяца.

Свидетельство о регистрации СМИ ПИ № ТУ05–00429 выдано Управлением Федеральной службы по надзору в сфере связи, информационных технологий и массовых коммуникаций по Республике Дагестан.

**На обложках:**

I, IV – «Навстречу солнцу» Г. Курбан-Адамова;

II – первый женский журнал в Дагестане «Красная Горянка»;

III – Работы художника К. Власовой.

хореографалги, художникалги рахъараб Дагъистан. Щибаб дагъисталъул росдал буго жиндирго тарихги, гІадаталги, кучІулги, кьурдабиги, хасиятги, цогидазда релълъинчІеб ретІа-къайги.

Мугъзада нахъа планшетги бан тирана тІолабго Дагъистан Клара Филипповналъ. Нилъер республикаялде бугеб хІасратаб рокьул ва рикІкІен гІемерал сапаразул хІасиллъун ккана: «Бархъалисезул махщелчагІи» «Къурушалъул ресссарухъаби», «ЧІохъдерил гІолохъаби», «Дагъистаналъул ясал», «Расул ХІамзатов», «ЧІохъе нух», «Дагъистаналда байрам», «ЧІохъ дир рукъ". Дагъистаналъул миллияб ратІлилъ бахъараб гьелъул автопортрет босана Третьяковасул галереялъ.

Клара Власовалъул живопись буго гвангъараб, бакъулаб, жийго художница гІадаб гІумру авадан гьабулеб, бищун лъикІал реализмалъул суратал рахъиялъул гІадатал тІиритІизарулеб. Гьелъул учитель Сергей Герасимов ва Суриковасул институт (гьанже университет) чІухІизе бегьула жидерго цІалдохъаналдаса.

Заманалъул кверщел гьечІо гьелда тІад. ЛъугІи гьечІеб рухІияб къуват Кларае кьолеб буго гьелъие ватІанлъул лъугьараб дагъисталъул ракьалъ.

– Бищунго дун хІайран гьаюна ЧІохъ росдал гьайбалъиялъ. Гьединлъидал гьениб некІсияб, цІар лъаларев дагъистаналъул Пиросманица къадазда суратал рахъараб рукъгицин босана диего. Дицаги росасги гьениб дагъа-макъаб ремонт гьабуна, тІох хисана ва щибаб соналъ нижерго рокъое Дагъистаналде рачІунаан, – илан бицана гьелъ.

Гьанир Клара Власовалъул гІемерал гьудулзабиги руго. МахІачхъалаялда руго Камилги Фатимаги Чутуевал, Каспийскалда дагъисталъул чачанай Роза ТІалхІатова, ЧІохъилан абуни – киналго чІохъиял, художницаялъ жиндирго гІагарлъилъун рикІкІунел.

- Амма цо чІохъиясе, рос хун хадуб дир ражІи босизе вачІун вукІарав, дица инкар гьабуна, - ян елъана гьей, - дир гІумруялъул яги творчестовялъул планалда гъоркье унеб букІинчІо ригьнаде ин.

Клара Власовалъул рекІелъ Дагъистаналъ некІого кьучІаб бакІ ккуна. Франциялъул Альпабазда хІалтІулаго цо нухалъ скульптор Вадим Шелов вугеб бакІалда, Дагъистаналда гІадинаб берцинлъийилан борчІун букІана гьалъухъа. Гьев гІажаиблъи гьабун, божуларого гІадин валагьана гьалъухъ. Цинги Дагъистаналде щведал Дагъистаналъул мугІрузда Клара дандчІвана Щеловгун ва гьев мукІурлъана, унго-унгоги Клара, Дагъистан маргъабалъ гІадинаб берцинаб бакІ букІун бугоян.

95 соналъул ригьалде яхун йикІаниги гьелъ гІадамаздехун бугеб берчинаб, хІеренаб, хІалимаб бербалагьи рекІелъ цІунун гуребги, жиндирго суратаздеги босулеб буго. Жеги Дагъистаналде щвечІел, гьелъул суратазухъ балагьунги гІащикълъизе бегьула мугІрул улкаялъухъ. Свак лъаларей Клара Филипповналъул рагІабаздалъун, дагъистаниялзул гІумрухалалъи гьелъиеги кьуна магІарул гІачияз кьолеб тІагІамаб рахьалъ, бацІцІадаб гьаваялъ ва беричаб Каспий ралъадалъ.

- Дир киналго рекІел анищал жеги тІурачІо. Амма дун къеркьелей йиго гьезул тІогьие яхине. Амма дида лъалебани, хведалги дун суратал рахъун бажарулеб бакІалде кколейлъи, гьаб гІумру ахиралде щолеб бугилан дун пашманлъилароан.

Жиндирго юбилеялъул байрамалда гьей кІиго сагІаталъ рорхатал угъдул ругел хьитазда киназего баркала кьолей, яхъунчІун йикІана. Ва киназдаго абуна щуго сонbacklда-сан жиндир І00 сонил юбилеялъул цебелъеялде рачІинеги кІочонгеян.

***Клара Филипповна Власовалъул искусствоялда тІад заманалъул мугъру гьечІо! Гьелъул выставкабиги Дагъистаналъул кІодолъиялъе ахІи кечІ ва гьелде бугеб рокьуе нугІзал гІадин руго.***

**Виолетта РАТЕНКОВА**









ИНДЕКС ПМ795

6+



4 651116 280082